

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Seh Amongraga

Moelyono Sastronaryatmo



Direktorat  
Kebudayaan

dan Kebudayaan

099.222

MOE

S

**SEH AMONGRAGA**

TANGGAL	No. INDEKS
28 AUG 1984	1174

# SEH AMONGRAGA

Alih aksara

**MOELYONO SASTRONARYATMO**



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1981

**Diterbitkan oleh  
Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah**

**Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## **KATA PENGANTAR**

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1981

**Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah**

## I. DHANDHANGGULA

1. Ana kidung rumeksa ing wengi  
teguh ayu luputa ing lara  
luputa bilahi kabeh  
jim setan datan purun  
paneluhan tan ana wani  
miwah penggawe ala  
gunaning wong luput  
geni atemahan tirta  
maling adoh tan ana ngarah ing mami  
guna duduk pan sirna.

2. Sakehing lara samiya bali  
sakehing ama samya miruda  
welas asih pandulune  
sakehing braja luput  
kadya kapuk tibanning wesi  
sakehing wisa tawa  
sato kurda tutut  
kayu agung lemah sangar  
songing landhak guwaning mong lemah miring  
myang pakiponing merak.

3. Pagupakaning warak sakalir  
dadya winaca sagara asat  
temahan rahayu kabeh  
mapan sarira hayu  
ingideran ing widadari  
rineksa malaekat  
sakathahing rasul  
pan dadi sarira tunggal  
ati Adam utekku bagendha Esis  
pangucapku ya Musa.

4. Napasku nabi Isa linewih  
nabi Yakub pamiyarsaning wang  
Yusup ing rupaku mangke  
nabi Dawud swaraku  
hyang Suleman kasekten mami  
nabi Ibrahim nyawa  
Idris ing rambutku  
bagendha Li kuliting wong  
getih daging Abubakar Umar Singgih  
balung bagendha Usman.
5. Sungsumku Pratimah kang linewih  
kang minangka rahayuning badan  
Ayub minangka ususe  
nabi Nuh ing jejantung  
nabi Yusup ing otot mami  
netraku ya Muhammad  
panguluku rasul  
pinayungan Adam sarap  
sampun pepak sakathahing para nabi  
dadya sarira tunggal.
6. Wiji sawiji mulane dadi  
pan apencar dadi sining jagad  
sinamadan dening date  
sakehing kang angrungu  
kang amaca kang animpeni  
rahayu ingkang badan  
kinarya sesembur  
winacakaken ing toya  
kinarya dus lara-tuwa aglis laki  
den dus wong edan waras.
7. Lamun ana wong kadhendha kaki  
wong kabanda kasaputing utang  
yogya wacakena age  
nalika tengah dalu  
ping sawelas wacanen aris  
luwar ingkang kabanda  
kang kadhendha iku

aglis nulya linuwaran  
kang ngautang sinauran ing Hyang widdhi  
kang agring nulya waras.

8. Lamun sira arsa nandur pari  
puwasaa sawengi sadina  
iderana galengane  
wacanen kidung iku  
sakeh ama sami abali  
yen sira lunga perang  
wacakna ing sekul  
antuka tigang pulukan  
mungsuh sirep serep datan ana wani  
teguh hayu payudan.

9. Lamun ora bisa maca iki  
winewera ginaweya jimat  
teguh hayu sarirane  
lamun ginawa nglurug  
mungsuhiira tanana wani  
miwah ginawa perang  
tumbak bedhil luput  
mungsuhiira tan uninga  
kang asimpen rineksa dening Hyang Widdhi  
sakarsane tinekan.

10. Wonten kidung reke ki Artati  
sapa wruga reke araningswang  
duk ingsun ana ing ngare  
duk ingsun aneng gunung  
ki Samurti lan Wisamarti  
ngalih aran ping tiga  
arta dayatengsun  
araningsun duk jejaka  
ki Artati mangke namaningsun ngalih  
sapa wrug araningswang.

11. Sing sapa wrug kembang tapuskaki  
sasat weruh reke arta daya

tunggal babare somahe  
sing sapa wruh panuju  
sasat sugih pagere wesi  
rineksa wong sajagad  
kang angidung iku  
lamun iku den apalna  
kidung iku den tutug padha sawengi  
adoh wong kang durjana.

12. Lawan ineksa dening Hyang Widdhi  
sasedyane tinekan de Hyang  
den idhep ing janma kabeh  
sing sapa kang angrungu  
kang anurat kang maca iki  
yen ora bisa maca  
simpenana iku  
teguh hayu kang sarira  
yen linakon dinulur sasedyaneki  
lan ineksa dening Hyang.

13. Wonten somahaning Majarini  
lah ing ngendi parabe duk gesang  
kidung ing tuna arane  
duk ingsun aneng gunung  
apeparab Wesisajati  
ngalih aran kaping pat  
duk anoine tengsun  
awayah bisa dedolan  
aranana semangning jaya manginis  
anom tan kena tuwa.

14. Singa ngidung ing kidung puniki  
lamun dalu adoh pancabaya  
tan bisa sinimpen bae  
singa ingkang angrungu  
kang anurat kang animpeni  
adoh wong kang durjana  
agila andulu  
yen binekta angawula  
brangtanana pitung dina pitung bengi  
gustimu asih marma.

15. Satru mungsuh padha wedi asih  
pamidhangan ing betal mukadas  
tulak balik pangreksane  
angreksa ing sang umur  
rara roga samiya bali  
kang gering dadi waras  
kang tumingal lulut  
angadeg pangawak teja  
lelendheyen Sang Hyang Asmara linewih  
oyode bale aras.

16. Sapa kang wruh artadya iki  
pan jumeneng sujalma utama  
kang wruh namane hartate  
masrik mahrib kawengku  
sabdahing kang pandhita lewih  
prapteng sagara wetan  
kang angumbar iku  
akekasih Sidanglana  
Sidajati ingkang aran ki Artati  
nyata jati sampurna.

17. Wonten kidung sun ngidung artati  
bebaratan reke kang winaca  
Sang Hyang Bayu pangadege  
lumaku Sang Hyang Ayu  
alembeyan asmara hening  
ngadeg pengawak teja  
kang angidung iku  
yen binekta alelungan  
marga singit kang kapapag wedi asih  
sato galak sumingga.

18. Gunung sagara amengku bumi  
langit ika kuwasa rubuha  
kang wruh artadya reke  
gunung kawasa jungkur  
sagara gung kawasa gingsir  
kang wruh ing artadya  
dadya teguh timbul

mangka palining aperang  
sanjatane kang mungsuh nora nedhasi  
yen dipun apalena.

19. Wewikane reke tan kapanggih  
gegedhongan reke kang winrangkan  
sihing hyang kabesmi mangke  
dadya nora wruh iku  
mangkya sira sangking wiyati  
cinandhi ing sagara  
dadya ngumbar iku  
apeparab Sang Hyang Tunggal  
jati awor jenengira ki Artati  
aran sekar jempina.

20. Den arani somahing panjari  
nila hening iku duk agesang  
duk mati nila arane  
duk ingsun aneng gunung  
ngalih aran Hyang Asmareki  
wayah tumekeng tuwa  
emut ibunipun  
ki Panjari lunga ngetan  
ki Artati nurut gegiring Marapi  
anuli mring Sundara.

21. Pan mangkana pujining wong singgih  
bale aras sesakane mulya  
Kirun-saka ing tengene  
wana-Kirun kang tunggu  
saka kiwa gadane wesi  
anulak rara roga  
satru lawan mungsuh  
anulak satru duwijal  
ider-ider kulhu balik kang linewih  
adoh panggawe ala.

22. Upas wisa wus tawa tan mandi  
tulah sarik tanana tumama  
mukswa dening kawruh mangke

teguh luput rahayu  
sangking pangreksaning Hyang Widdhi  
sakeh kang sedya ala  
tan tumama mringsun  
tuju teluh taragnyana  
datan ana rara-roga kocap malih  
sirna jatining ilang.

23. Dudu molo pan iya tal kursi  
lungguhira sinurat ing tangan  
pangleburan lara kabeh  
usuk usuk kang luhur  
kang minongka panutup nabi  
iya nabi Muhammad  
tinut dening rasul  
atunggu dalu lan siang  
kinaweden belis lanat lawan ejim  
kang agring antuk tamba.

24. Pepayone godhong dukut langit  
tali barat kumendhunging tawang  
cinandhik tan katon mangke  
arajeg gunung Sewu  
jalusutra ing luhur mami  
kang angreksa maring wang  
angadhangi mungsuh  
anulak panggawe ala  
lara roga sumingkir langkung ngatebih  
luput kang wisa guna.

25. Gunung Guntur panglebur guweki  
sagara sat bengawan suh sirna  
kang wruh arta daya reke  
pan dadi teguh timbul  
mangka palining aprang dadi  
paser panah sumimpang  
tumbak bedhil luput  
liwat sakathahing braja  
yen linakyan adoh ing lara bilahi  
lan dipun apalena.

26. Sagara gunung amengku bumi  
surya lintang myang wong sabuwana  
wedi angedhep sakehe  
kang kawasa anebut  
pan jumeneng manusa jati  
ngadeg bumi sampurna  
Hyang Suksma Sih lutut  
kang manusa tan asih  
Sang Hyang Tunggal parandene welas asih  
Hyang Asmara mong raga.
27. Jim peri prayangan wedi asih  
wedi mendhak sakehing drubiksa  
rumeksa siyang dalune  
ingkang anempuh lumpuh  
tan tumama ing awak mami  
kang nedya tan raharja  
sadaya linebur  
sakehe kang sedya ala  
larut sirna kang sedya becik basuki  
kang sinedya waluya
28. Gunung sewu mangkyu pager mami  
katon murub lamun tiningalan  
wedi angidhep saklire  
sing lara sirna larut  
tan tumama ing awak mami  
miwah saliring braja  
tan tumama mringsun  
sun iki sang rahmatolah  
rahmat-jati duk jeneng wali jasmani  
iya sang jatimulya.
29. Aranana raja subaningsih  
kang tumingal samya sih sadaya  
wedi ngidhep sakalire  
pan nabi patang-puluh  
ingkang ana ing awak mami  
apan nabi wekasan  
lawan nabi Dawud

apetak bagendha Kamjah  
singa ngrungu sadaya awedi asih  
kang lara dadya waras.

30. Sun amurwa pujining wong singgih  
angsalira sangking wong utama  
sangking pandhita angsale  
turune nabi iku  
para wali kang anggenteni  
mukmin kang anarima  
mangkyu ta puniku  
sing sapa anokidena  
nora pegat pujine raina wengi  
sinung rajekining hyang.

31. Kawruhana tegese kang kandil  
kadi diyan urubing antala  
roh ilapi lir padhange  
nabiyolah lir kukus  
dat mutelak panasireki  
apine kawruhana  
prabedane iku  
peten prabedaning tunggal  
tunggalena ing api wakine kaki  
tan kena pisahena.

32. Ana kayu apurwa sawiji  
wit bawana epangipun jagad  
agodhong mega rumembe  
aprada paku kuwung  
awoh lintang salaga langit  
akembang surya wulan  
sami kilat arum  
isi ebun lawan udan  
ing akasa awor dhasaring pratiwi  
oyode bayu bajra.

33. Ana pandhita akarya wangsit  
mindha kombang angayap ing tawang  
susuh angin di enggone

lawan galihing kangkung  
kuda ngerap tengah jaladri  
atine wuluh wungwang  
lan gigiring panglu  
tapaking kuntul anglayang  
manuk miber anglangut amelinglingi  
kusuma aji tawang.

34. Ngambil banyu apikulan warih  
nyumed geni sarwi adedamar  
kang kodhok angemut lenge  
kalawan malihipun  
ingkang siti pinendhem bumi  
lawan geni pinanggang  
miwah toya kinum  
kang surya pine punika  
rembyong-rembyong sawine jati ngemasi  
tuwin tambining pucang.

35. Ana peksi mangku bumi langit  
manuk ika endah warnanira  
sagara eroh wastane  
apaqta manuk itu  
amimbuhi ing jagad iki  
warnanipun sakawan  
tangane wewolu  
kulite iku sarengat  
getihipun tarekat ingkang sejati  
ototipun hakekat.

36. Dagingipun makripat sejati  
cucukipun sajatining sadat  
eledan tokid wastane  
anadene kang manuk  
pupusuhe supiyah singgih  
amperune saderah  
jantung budinipun  
luamah wadhuke ika  
manahipun anyawa papat winilis  
nenggih manuk punika.

37. Unenipun Jabarail singgih  
socanipun pan isi kumala  
anetra wulan srengenge  
hapas nurani iku  
grananipun tursina nenggih  
mangaub sorong aras  
karma kalih iku  
ing gunung Arpat punika  
ulihiyah ilohkalam wastaneki  
ing gunung Manikmaya.

\* WALLAHU SALLAMUNGALEYKUM  
WANGALEYKUM SALLAM \*

## 2. DHANDHANGGULA

1. Seh Mongraga angandika aris  
kae wasi ngong tanya mring rika  
mungguh panglepasaning reh  
kang muhung mring mahagung  
wasisthane pratistheng westhi  
asthagina ginagap  
panganggeping kalbu  
budi waxline wong Buda  
kabudayan kang patitis ing panitis  
tusthaning kawaskithan.
2. Kang kinantha-kanthaning ngaurip  
ayun sumurup ing kadadeyan.  
jarwa ana jatehane  
gineng-ginenging gunung  
dunungana panuksma jati  
ki wasi Ragasmara  
tyasira katuju  
ing semu pan wus karasa  
medhar jarwa ki ajar ing Pringgadani  
mijilken sabdatama.

### **3. MIJIL**

1. Datan wongwong denira anjarwi  
tatasing wiraos  
wasi Ragasmara lon delinge  
yen panduka tanya ngudi-udi  
pakeming maharsi  
kang sampun linuhung.
2. Kang ginulang tajining aguling  
anggegregrit totor  
kang pinusthi anggusthi pepasthen  
kamulyane ing dalem sawiji  
neng sajroning pati  
patitisng laku.
3. Kang tan nilib ariloka benjing  
wor jawata manggon  
tunggal laku tunggal panuksmane  
tunggal paribawa lan dewa di  
kang kadya cakraning  
gilingan lumintu
4. Ing delahan ing marcapadeki  
pamilihing enggon  
ing bantala akasa tan pae  
ingkang boten inong panuksmaning  
hyang Suman majanmi  
manitising ratu.
5. Mila ratu puniku linewih  
punjur sakwehing wong  
sawab jiwa jawata wentehe  
jawata pan atmaning maharsi  
wewinh baresh  
sukere wus tunu.
6. Suksmaning resi dadya badaning  
ratu kang kinaot  
suksmaning ratu ngwang Soman mene  
Narayana ya hyang Wisnumurti  
Janarjana nitis  
Sup mapulung pulung.

7. Maring ratu dadya nugrahaning  
jawata winongwong  
Hyang Manon mring ratu panjanmane  
ratu ingkang wus badan Suksmarsi  
langgeng salamaning  
saturut kadyeku.
8. Wus lir satu lan rimbaganeki  
resi lan Hyang Manon  
tan lyan maring ratu panuksmane  
mila maharsi anggentur tapi  
memuja semadi  
benjang mukswanipun.
9. Supaya tan nilib ing panitis  
tegese mring katong  
andhingini dwija panusupe  
juwata di anitik maharsi  
maharsi anitik  
panuksmaning ratu
10. Yen resi tan waged neng narpati  
luputing panggayoh  
Hyang Manon tan arsa nuksma dhewe  
yen tan lawan lambaran maharsi  
kalihe tan dadi  
nuksmane mring ratu.
11. Marma gentur asemadi hening  
pan tan kenging bengkong  
ing panekung jinungteng pujane  
datan bunar angener narpati  
ing pati patitis  
panitising ratu.
12. Dadya tan kena ingaran mati  
kewala ngalih gon  
mila aran kedhaton swamine  
lawan wana wulusan kang wingit  
tan kenging ginampil  
janma mring kadhatun.

13. Liya kang wus winenang narpati  
ngambah ing kadhaton  
sami lan ngambah wana wukire  
karatone maharsi ing wukir  
wukir sup anitis  
kadhatoning ratu.
14. Dening panitis isining wukir  
angkere kimawon  
ingkang nuksma mring kadhaton rajeng  
saisine nagri sining wukir  
tanana anilib  
sadaya mariku.
15. Kerut marang panuksmaning resi  
tan talangke mawor  
manon-manon ing nglebak pundhung  
mangsuk dadya kagungan narpati  
nyawaning maharsi  
dadya badan ratu.
16. Sapunika gegethekaneki  
kang pra gentur totor  
tan telangke nalimpang pahume  
Seh Mongraga mesem ngandika ris  
yen mangkono ugi  
kawruhe wong gunung.
17. Lewih dening rekasa binudi  
wekasane dhompo  
tan maoni ingsun saking kehe  
kawulaning hyang kang mahasuci  
asnapan mawarni  
titahing Hyang Agung.
18. Nora kaya agama jeng nabi  
dutaning hyang manon  
nucekake rahmating kapaten  
nabi Muhamad Rasullulahi  
tan mawi memilih  
wus pepance sinung.

19. Ing ganjaran nut ahli tinaksir  
kang entheng kang abot  
nora kena selak nampik mileh  
ingkang kedhik akeh aneng adil  
kang akeh doseki  
ageng siksanipun.
20. Kang abecik geng ganjaraneki  
aneng swarga manggon  
tanpa kira-kira tanpa tondhe  
nugrahane pitung dunya iki  
maksih lewih ngakir  
kang sinung swarga gung.
21. Nikmat bae langgeng ing kamukten  
tan kacangkol-cangkol  
tan rekasa salawas-lawase  
luput suker luput ing sak-serik  
barang kang kaeksi  
tan ana kang saru.
22. Kang kapyarsa alirih dumeling  
tan balebek rungon  
kang binukti tan ana paite  
kang ginanda tan ana mis bacin  
keh rasa tan risi  
tan kapalang kayun.
23. Wareg bae salaminireki  
nir tan walang atos  
yen wus luhung amal jariyahe  
kaote lan wong ahli ing ardi  
menggilingan nitis  
susah nusup-nusup.
24. Yen mungguha ngelmu sarak nabi  
ambeg kang mengkono  
lewi dening sasar pangidhepe  
owel tapanira ingkang uwis  
mungguha kaywaki  
mung kari anunu.

25. Iba-iba wruha pangeraning  
kang amurbeng tuwoh  
baya-baya lewih utamane  
kawruhira iku ki wewasi  
lamun sisip sembir  
mati kaping pitu.
26. Krana ngelmu ajar sun kawruhi  
kamukswan prapteng don  
kaya nora kalempit ngong reke  
ingkang dadi ugering kadadin  
duk lagi angikis  
ing panggenturipun.
27. Cabar tiwas bener lawan sisip  
taneng gentur kono  
nora kena bengkung salilabe  
jroning gentur amusthi sawiji  
lir uler upami  
lagya ambebuntu.
28. Ungkerira pinepat apipit,  
angin tan marojol  
saking sanget si uler sadyane  
bosan dadi uler ambek pati  
kepati kepengin  
salin dadya kupu.
29. Pan anyuthel pan anyuthel budi  
anyuthel lelakon  
dadya mungker si uler nalare  
nora mingser ngenirken sakalir  
lagya madya sasi  
gatra dadya anthung.
30. Prapteng ing satengah sasi malih  
pendhak sasi dados  
uler mijil saking pangranthunge  
pepek busana sungut larneki  
ambabar wus dadi  
kekupu abagus.

31. Yen ta lepat pamepetireki  
ungkere srumowong  
tanpa dadi uler pangenthunge  
saba maksih kapanjingan angin  
temah kanin posit  
nora dadi kupu.

32. Kaya mangkono uga rewardi  
tan beda lan gendhon  
yen ta luput iku panggenture  
yen tan sura legawa ing pati  
athuk uler becik  
bisa dadi kupu.

33. Lamun ijeh ajar ajejerih  
nora wani obong  
ajar nora manjing ajur-ajer  
tan mituhu ujaring kajatin  
jatining panitis  
tetesing pangayuh.

34. Ingkang lumrah pra ajar ing ardi  
dennya samya obong  
sauwise padhem pangobonge  
amemeka duk maksuhe urip  
yen benjang sun mati  
tununen ragengsun.

35. Sapatining geni awuneki  
titiken ing kono  
yen awu iku ana tapake  
tapak bayi arepe mring ngendi  
yeku pesthi mami  
manitis ing ratu.

36. Lamun tapak janma iku mami  
ing panitisingong  
maring patih mantri ber-abere  
dene lamun liya tapak janmi  
tapak sato peksi  
tununen den gupuh.

37. Lamun meksih ya tununen malih  
ping pitu angobong  
yen tan ilang ya uwis pesthine  
ulatana yen sira sedyapti  
nut tapak kang keksi  
tandha panuksmengsun.

38. Ya mengkono punapi tan sisip  
kang kadya ling ingong  
ki ya wasi Ragasmara sumeh  
matur inggih swestu yen kadyeki  
sarta ngitang jron ati  
aedi wong iku.

39. Surup tata sabasaning adi  
anjantur lelakon  
sasuwene sojar tan adhewe  
Ragasmara owah denya linggih  
marepeh semu jrih  
panggut tanpa dulu.

40. Nundha atur mring Seh Amongragi  
kang mugi sang anom  
kula nuwun lajengipun maleh  
supaya trang tyas kawula myarsi  
Seh Mongraga angling  
ujar kang puniku.

41. Pratingkahe kang samya ambesmi  
kaliru le obong  
tuna dungkap jenggan panitise  
nora antuk pangubaya yekti  
karahayon pesthi  
tuwas dadi awu.

42. Atma sasar wewinlh anisir  
sire tiba asor  
apan luput sangking pangobonge  
atma dadi wuta nora titis  
tapak malah malih  
tan kena binestu.

43. Pratandhane tan bener kaeksi  
yektine kablasor  
kekandhangan iku ing tiwase  
nandhang mati kaping pitu pesthi  
rekasaning pati  
temah bliwar-bliwur.

44. Yen wus mati kaping pitu nuli  
nitis maring uwong  
wong ing gunung dadya tapa maneh  
anggegentur pratingkah lir nguni  
dene kang sun angling  
pati kae mau.

45. Rupaning pati ping pitu iki  
dadi kewan satol  
peksi anuli dadi sakehe  
laler uler myang resresing bumi  
salin rupa yen wis  
jangkep kaping pitu.

46. Yeku cakraning gilingan pati  
pati kang mangkono  
kongsi prapteng salawas-lawase  
lamun tan kabeneraning pati  
mubeng bola-bali  
kadya ika mau.

47. Ana ingkang manggilingan becik  
manggilingan awon  
nora kene binesta becike  
krana saking abote cinangking  
wegah anglakoni  
ras-arasen nyangkul.

48. Wus mangkono prabawaning becik  
sru saguhe linyok  
kaya iya-iyaa niyate  
nuli mangkene bae ya uwis  
arang kang nuhoni  
mila sasar-susur.

49. Beda lan kang maharsi linewih  
tanana pakewoh  
ambek sura legaweng patine  
pangugere anggentur pangeksi  
waskitha ring pesthi  
tan inang sarambut.

50. Yen wus mantuk ing dina sawiji  
tahen gya tinotor  
panauman gentha myang kekaleng  
puthut manguyu go cara cantrik  
endhang angendhangi  
rabuk ratus arum.

51. Sus rinukti sakeh cantrik-cantrik  
parantine obong  
sarta samya angastuti kabeh  
ramya santi thiri-thiri guthi  
hong ilaheng ahing  
hem hem pahum pahum.

52. Sedheng andadi urubing geni  
akatar tang totor  
nir kang kukus urube anunggeng  
sang maharsi nulya marepeki  
mring agni semadi  
ngeningken pandulu.

53. Tan antara ana kang kaeksi  
neng sajroning totor  
jalma cahya amor lan urube  
kawistara narpati madhiri  
neng sajroning geni  
sakaprabonipun.

54. Keksi wantah lir prabu tinangkil  
maharsi duk anon  
ingkang dadya delinge ciptane  
tan talangke lumaksaneng agni  
murub anguladi  
angganya mahapyu.

55. Iku gyaning panuksmanira ring  
ratu kang kinaot  
wus pancaka tan ana labete  
nora nganggo tapak kang tinitik  
sanalika wus nir  
sampurna ing riku.
56. Nora kumalendhang wus anunggil  
panuksmaning katong  
dadya nora samar panitise  
maring ratu kang minulyeng bumi  
maniking rat yakti  
panjenengan ratu.
57. Kang mangkono maharsi sejati  
wasis mring tumuwoh  
wasi Ragasmara nalikane  
myarsa sabdane seh Amongragi  
gigal tyasireki  
kaluhuran wuwus.
58. Ngunandika jroning tyas ki wasi  
sayekti kinaot  
kaya trahe maharsi kang gedhe  
tatas maring sabda geneng nenggih  
sun durung miyarsi  
kawruh kang linuhung.
59. Sira wasi Ragasmara aglis  
linggihe malorod  
tunggil lungguh lan Jamal-Jamile  
saha sembah atur pati urip  
panggusthining kapti  
mring Seh Amongluhung.
60. Aturira sarwi ngasih-asih  
dhuh giyunganingong  
mulyakena jiwamba ing mangke  
sumanggeng karsa tuwan angitung sih  
ing wong kawlasasih  
tumutur sakayun.

61. Kawula nut reh panduka yekti  
sumarah kemawon  
anetepna amecata dene  
pan kawula darmi anglampahi  
ingkang mugi-mugi  
sungana pituduh.
62. Seh Mongraga mesem lingira ris  
mring ki wasi alon  
yen mengkono karepira kuwe  
asalina ing agama sukci  
sarengating nabi  
duta kang linuhung.
63. Anebuta ya kalimah kalih  
ki wasi wus sagoh  
gya minuruk agama Islame  
wus mangkana Islam ki wewasi  
sang Seh Amongragi  
langkung wlas andulu.
64. Dangu aneng probakesa linggih  
akaroron raos  
Ragasmara aris ing ature  
mring sang adi mudha Amongragi  
masalahing elmi  
tur sembah sumungku.
65. Ya tuwanku sang utameng lirning  
tulunga sih mringong  
kang pan endi marga sajatine  
mangke nguni panggawe kang lewih  
aywa tan pagating  
amba nuwun sinung.
66. Tudha kena ingkang sajati  
ring pangulahing don  
supaya tan kongsi tanpa gawe  
lampah kang utama tameng urip  
karanane pundi  
sampurnaeng tuwu.

67. Dan lingira ki Seh Mongraga ris  
yen sira yun mangke  
uningaeng marga sajatine  
patekena sariranireki  
yektya manggih urip  
lamun bisa lampus.

68. Dekang aran pati iku yayi  
anoring Hyang Manon  
anor ingkang samekta samine  
kang nor bukti kang nor maring juti  
kang nor ing sesami  
kang nor nginum turu.

69. Kang nor maring rajah tamah tuwin  
noring luba mumoh  
yeku mati jroning urip reke  
badan budi mring awak den lani  
muhung Hyang Suksmadi  
dinulu linuru.

70. Dudu luru mider angulingling  
aminta sihing wong  
yen antuk den reraga solahe  
yen tan oleh mangke anguringring  
ing panggawe den prih  
sagone kadulu.

71. Mapan reke kang ingaran pati  
pan dudu mangkono  
de kang aran pati sajatine  
angawruhi ing sarira teki  
den tekeng ngayekti  
wruhing marga ruhur.

72. Kang wus nyateng sajatining dhiri  
panggawe kang kaot  
marga iku apa pandungkape  
wau mentar wus prapteng negari  
durung aningali  
sang ratu katemu.

73. Anging iku pan panggawe luwih  
kang teka ing kono  
anirnakken saliring panggawe  
kang aran sarira kang wus tokid  
aywa tan kalingling  
punika marga yu.

74. Iya iku kang ingaran pati  
patining wong kaot  
kang wus awas tan uwas anggane  
yeku pati patitising urip  
wus prasanak pati  
uripe linuhung.

75. Yogyo tata kinen kang sayekti  
aywa amirangrong  
nyatakena saya lelekane  
apan sarira iki kekalih  
karo den kalingling  
aja na kang kantun.

76. Roh lan jasad iku tunggal dhiti  
dhirining Hyang Manon  
pan jumeneng kalawan dheweke  
ananira heneng ingkang hening  
rampunging pangeksi  
pameksaning laku.

77. Laku lakunan ataki-taki  
kalanggengan jumboh  
wus tanana kakange adhine  
langgeng maha sukcinireng widhi  
tan kacampur dening  
karsa ingkang huru.

78. Namung karsa kewala pribadi  
pandulu dinulon  
lir andulu paesan neng carmen  
mapan tan lyan kang tumingal sami  
mung dhawakireki  
tan salayen kahyun.

79. Bukak larangan kang wus rinempit  
pingitan ginedhong  
kang kinunci ing elmu papake  
mung datira sajatining saksi  
apan anekseni  
ing pribadinipun.
80. Pribadining panunggaling puji  
puji kang sajatos  
jatining hyang iku panunggale  
tunggal ajal tunggal abadneki  
wusing sasa siking.  
tanana sesiku.
81. Tegesing ajal puniku wiwit  
wiwit tan kawahon  
tanpa krana mungguh ing anane  
liring abad tanana ngareni  
tan wit tan mekasi  
ananira iku.
82. Samya tan ana ingkang dhingini  
tan na ngareni pon  
anging ananira juga dhewe  
tunggal kahananira Hyang Widdhi  
mulyeng jasad jati  
ning hyang kang mahagung.
83. Ingkang saksi kalawan pribadi  
tanana wujude  
anging ananira purba dhewe  
anggarani arane pribadi  
purba araneki  
purba wujudipun.
84. Purba rupa purba ing pakarti  
purba ajal reke  
purba abad purba kajatene  
purba tunggal purbaning sih jati  
jatine wus siji  
mung angga kiteku.

85. Angganira yeku jasad jati  
jatining tan anon  
jatining saksi rupanta kuwe  
anekseni namane pribadi  
basa jeneng yayi  
dating Hyang Mahagung.

86. Kang tan kantha warnambu rasyeki  
tan arah tan enggon  
datan kena dinuga wujude  
kinayapa jrone tekang ati  
sabab iku napi  
tan kena winujud.

87. Dening isbating Hyang iki yayi  
kang dat sipat reko  
lan apengal telu iku lire  
edating Hyang ananira neki  
sipating Hyang Widdhi  
ahlinireng elmu.

88. Apengaling Hyang uripireki  
samya isbat manggon  
iku ingkang pasthi ing anane  
asmaning hyang jeneng ingkang lantip  
kang sasekti napi  
ingaken Hyang Agung.

89. Sabab kita amrat isbat napi  
ing patemon jumboh  
paekane tan ana paene  
asmaning hyang napi ingkang pesthi  
nakirahing Widhi  
mungguhing Hyang Agung.

90. Aran kita iki napi-jinis prabedaning roro  
napi-jinis mungguh kita kiye  
napi-nakirah mungguheng widhi  
yeku tan sarenti  
suhuling hyang agung.

91. Ingkang guwa-garba wewah wening  
tan samar sumrowong  
ngelminira akathah ungahe  
saha sembah matur ki wawasi  
nuhun kang pun endi  
ing akekatipun.

92. Akekating dunya kang utan.  
seh mudha lingnya lon  
akecate donya sajatine  
apan patang prakara kang dhihir  
pamuwus kang manis  
hyawang kongsi saru.

93. Kapindhone netepi agami  
Islam lanang wadon  
kaping telu kang banget wedine  
maring Allah kang amaha suci  
kaping pat kang becik  
ngamale kang sokur

94. Ngamal puwasaning badan yayi  
acegah wiraos  
pangucap kang siya-siya kuwe  
lan puwasaning nepsu den kesthi  
cegah lumnghah kibir  
myang suka gumuyu.

95. Cegah wareg nginum turu bukti  
de puwasaning roh  
cegah cipta kang ala nelempeng  
lawan malih puwasaning budi  
cegah nepsu serik  
bangsa kewanipun.

96. Bangsa setan jajah lanat iblis  
cegah kang mengkono  
puwasaning rasa pan mangkene  
pan acegah tingal kang anilib  
kang tan patut keksi  
sirik lawan suwung

97. Ragasmara tyasira mawerdhi  
anut ing sapakon  
tan kumelab salilab kalbune  
matur mugi tuwan lajengneki  
tepangipun nguni  
wewulang kang wahu.
98. Seh Mongraga angandika aris  
kawruhana ing ko  
pamusthine sembah puji reke  
panunggale lan nabiyolah  
tunggal dat sipating  
asma apngalipun.
99. Ananira rupanira iki  
aranira reko  
panggawenira obah osike  
apan nabi Allah kang kakiki  
muntaleking widhi  
sembah pujinipun.
100. Yeku pamusthine kang sajati  
haywa doh Hyang Manon  
paningalira ingkang awenteh  
sira lan kang mamiseseki  
tan nahontareki  
anunggal ing wujud.
101. Tunggal solah-bawa muna-muni  
apan wus mengkono  
kang tan weruh adoh pangidhepe  
sangking kadohan kewala wingwrin  
kaweran ing iblis  
handeduga dulu.
102. Tan wruh yen suksmanira neng dhiri  
nira kang wong winong  
hyang aruhur tan kena wiyange  
karsaning roro-roroning asiji  
sejatining puji  
muji dhawakipun.

103. Basa dhawakira iku jati  
jatining Hyang Manon  
cipta kang tan kaselan riptane  
ripta kang tan kaselan ing budi  
budi tan kaselan ing  
angen-angenipun

104. Angen-angen tan kaslan cipteki  
patiku wus jumboh  
suhul tetap-tinetepan kangsen  
kang mangkono paworing sajati  
tan dumeh wus bangkit  
akeh ngelminipun.

105. Tan dumeh wus tapa wus angaji  
sembayang linakon  
tapaa den kongsi kadi golek  
ngaji den kadi jalak gulathik  
sembayang den kongsi  
anggambuh ping catur.

#### 4. GAMBUH

1. Ragasmara umatur  
mring Amongraga tembungira rum  
ngong nenuwun badhe taken kang sayekti  
kang pundi wujuding elmu  
tanpa papan tulis reko.

2. Ulun lami neng gunung  
dereng manggih murad kang gumathuk  
ngelmu kothong tanpa papan tanpa tulis  
mugi paduka sung tuduh  
wujudipun kang samengko.

3. Mongraga mesem muwus  
yayi de aneh temen puniku  
kang tinakokaken sawujuding elmi  
tanpa papan tulis iku  
kang kothong ingkang tinakon.

4. Padha akekatipun  
ngelmu Buda lan agama rasul  
Ragasmara umatur sumangga mugi  
panduka angitung tuduh  
badan sumanggeng sapakon.
5. Inggih supayanipun  
padhang nerawanga ing tyas ulun  
pan punika kawula dereng kadugi  
salami dereng amangguh  
mila ulun amirangrong.
6. Mongraga lingira rum  
lebih utama elmu puniku  
yen tan geseh ing rasa tanggaping kalbi  
yen kapelantrang kapaung  
lir kinjeng tanpa soca non.
7. Dene sejatenipun  
elmu tanpa papan-tulis iku  
iya Kuran lan kitab-kitab sayekti  
semune tanpa sadarum  
puniku pinurih coplok.
8. Sangking jilidanipun  
yen bisa coplok ngalih ing kalbu  
sauning Kuran wus apil ing galih  
myang kitab apil kacakup  
campleng coplok wus ngalih gon.
9. Kewala aneng kalbu  
kalbu wus wujud ngelmu kang agung  
tan kena sat tyas wus pangawak jeladri  
mring papan-tulis tan ingus  
tanpa gawe wus tan kanggo.
10. Iya yayi kang iku  
ngelmu tanpa papan-tulis iku  
dene ingkang wong salang suruping tampi  
amengeran dhewekipun  
dheweke awake bobrok.

11. Mung ngangel-angel wuwus  
wuwuse ngaku-aku amengku  
kang mengkana kepalantrang kawruh neki  
mila kedah mrih sumurup  
yen kacocol dadi gencol

12. Ragasmara tumungkul  
tyasira kekandhangan ing kawruh  
grahitane punthes tan thukul samenir  
yen nedya mawali kawruh  
malah tyas mundhak cumeplong.

13. Panarimane antuk  
wewatesaning kawruh kang luhung  
Ragasmara ngrepepeh umatur aris  
datan anyana salugut  
coploking elmu ngalih gon.

14. Manggon aneng ing kalbu  
inggih sanget kasinggihanipun  
dereng wonten para pandhita kang alim  
ingkang nampurnaken kawruh  
kang nganjarwani mengkono.

15. Ingkang sampun tertangtu  
tan kenging nalimpang sangking ngriku  
inggih wonten tiyang ahli raos angling  
tunggil kang panduka wuwus  
mengku angaku Hyang Manon.

16. Sanget kalesikipun  
nging kaot basa ajar pukulun  
duk kawula tamian ki Tatasjati  
ing pangraos kula sampun  
ginandheng temahan cebol.

## 5. KINANTHI

1. Mongraga ngandika rum  
maksih celak kang puniku  
tan nganggo tebeng satuma  
galetheke kang sayekti  
nyata-nyataning anyata  
ki Wasi den bebisiki.
2. Athuk-gathuk adu bathuk  
tumungkul ki Ragaresmi  
tyas kadya cadhang andhadhang  
lir cintaka minta riris  
ris rerasan elmu-rasa  
wus tana rasaning elmi.
3. Liring bebisik puniku  
pamedharing elmu gaib  
kang linarangan ing sarak  
tan kena kawijil ing ling  
kang wus pupul ngalih titah  
lah kang iki ki Wewasi.
4. Yayi mung heneng manengkung  
antara ing pitung sasi  
meneng budi meneng solah  
meneng nendra meneng bukti  
meneng ngucap meneng ganda  
meneng myarsa meneng mosik.
5. Datan ika iki iku  
blegpleng gemplung bleng uwis nir  
lowong buntu tan pinangka  
jroning bleng amung sawiji  
wiji-wijiling kasidan  
sida aku iya urip.
6. Wiji-wijining puniku  
tumanem ing pitung sasi  
wijining nukad wilayat  
duryat martabat sankamil  
wijine ing kadadeyan  
asenet neng pitung sasi.

7. Sajroning pitung sasi wuk kamurahaning Hyang Widdhi pan ing dalem satus dina palaling hyang mretandhani thikil wijining oliya nurbuwat waliyolahi.
8. Ywa kandheg pratondhing ngriku lajuning dadi-adadi ing dalem wuk pitung wulan utama kang sangang sasi jatining wisik tri kecap amung ngaku iya urip.
9. Aku tan roro tetelu iya prasejen dumadi urip tan kena ing pejah lah iku yayi kang pesthi wekas-wekasing kasidan sida-sidaning kadadin.
10. Kang wang uwung lon kang elmu tanpa papan tanpa tulis wus pupul rampung sampurna kang buntu ing pitung sasi pan iku mulyaning tekad tuwin kamulyaning elmi.
11. Pupul palestaning kawruh wus sampurna thel kinunci tutup wus datan kabuka kang mantep dennya akunci iya wasi Ragasmara sareng myarsa mrebes mili.

### **III. DHANDHANGGULA**

1. Pasang tabe sekar madumanis wasitagnya sudarmeng sutanta nahen kirta wuryaning reh pasal kang tumrap suluk

ana janma satwa ran Kisbi  
langkung mesu wardaya  
karyanya alungguh  
aneng tapining samodra  
kang pinangan mung nginum sajeng tan malih,  
lawan meneng karyanya.

2. Aneng pereng ampingan andhemping  
wus alama datan kauningan  
saking rempit penggonane  
laminya tan cinatur  
inumanya amung sakupi  
sarta gelas tan tebah  
palaling Hyang Agung  
tan telas salaminira  
ing sawiji dina kang adarbe siti  
nuju arsa leledhang.

3. Dhasar pinggir desa gening santri  
kae guru tan mawi sakabat  
sah akasbul jejungkate  
atasbeh jubah cripu  
sapraptane pinggiring kisik  
madege anon samodra  
nulya dangu-dangu  
nolih wuri ana janma  
pinaranan meneng datang ngacarani  
ki pangulu angucap.

4. Rika iki apa wong atapi  
yen tapaa sajeng dera pangan  
yen mahasa pratikele  
kaya wong tapa nengkung  
ning deksura tatrapireki  
ulate pandirangan  
apa dhasar bisu  
heh manungsa angucapa  
apa sira bangsa sabrang tawa encik  
nadyan cik sun kaduga.

5. Apa bangsa sato sira iki  
apa bangsa ejim parayangan  
apa kesurupan kiyé  
sarywa maca tengawud  
duk miyarsa sira ki Besi  
ing wuwus kang mangkana  
nlangsa jroning kalbu  
nora talah ya ki umah  
mring sepadha yuwuse cumeri-ceri  
heh ta ewa mangkana.

6. Ngong jawabe ririh denira ngling  
pasang tabe sampun adeduka  
kawula tebih wijile  
sareh katuting laut  
sakawasa kajat martapi  
ki pangulu duk myarsa  
mencep sarwi mungkur  
tapaning ibelis lanat  
mangan sajeng sira lunga<sup>q</sup> tumuli  
aja nunggal ing tanah.

7. Basa kene panggonaning santri  
bok nenulari ing muridingwang  
ingsun pamulangan gedhe  
ki Besi malih muwus  
punapa ta batalna kyai  
ing tyas kajat prawita  
marang ing Hyang Agung  
paduka wus pinandhita  
teka cukeng ing tanah kawula nggeni  
ujare wong pandhita.

8. Wus pinangka jasad betolahi  
anglairaken sipat tri prakara  
ki guru rengu netyané  
aja sira amuwus  
kumawawa teka kumawi  
puluh sira ngucapa  
mung kandhek ing clathu



gucimu sira buwanga  
bok-manawa ingsun sudi angangsuli  
sakehing wuwusira.

9. Maksih ririh wuwuse ki Besi  
kang waragang lamun binucala  
punapa kaindhakane  
ki guru bentak muwus  
iku setan karam linuwih  
blis tan wruh ing tata  
buwangen den gupuh  
mengko sun ajak angucap  
lamun nora dera buwang sajeng guci  
lalu tan sudi mulat.

10. Besi angling manawa kiyai  
ingsun buwang guci si weragang  
yen weruh karam karepe  
ki guru jelih muwus  
heh ko kapir karam kang arti  
timbalaning panutan  
sing sapa anginum  
ing sajeng kalbeng haraka  
lawan adoh panggawe marang ing becik  
ko setan apa wruba.

11. Ing kalale sajengta ko belis  
Besi ngucap heh kyai manawa  
kawusa jawab suwale  
itunging tyas pukulun  
ingkang santri tan pesthi swargi  
yen pegata lan nalar  
nalara puniku  
kalamun tan tinandangan  
nadyan silih tandangana saben ari  
kalamun ora awas.

12. Ingkang mangan karam bakal mati  
kang tan mangan tan wurung palastra  
balik yen mati kapriye  
ven pesthiya swargagung

enak dening gon ambu wangi  
ki guru nolih lenggah  
basakna sireku  
karuwan lamun minulya  
wong kang gama cinadhang ingkang swargadi  
widadari nyenyadhang.

13. Sira muwus sipating hyang kang tri  
iku ora ta agung lan murah  
kawasa kaping telune  
ki Besi aturipun inggih leres puniku ugi  
ki guru ciya-ciya  
latah nyablek pupu  
Besi muwus kang punika  
punapa asipat agung wus darbeni  
dene dahwe panduka.

14. Punapa ta kawula kiyai  
jinawekna titahing Hyang Suksma  
teka kapati dinahwe  
kawula kamipurun  
amangsuli atur kiyai  
supados pakantuka  
sapangat pukulun  
santri ingkang pesthi mulya  
leresipun rineksa ing donya akhir  
dene maksih sangsaya.

15. Kang pinangan jejaluk saari  
ari miwah ki guru punika  
den ingoni mring muride  
yen mungguh awakingsun  
siya-siya ingsun mastani  
dene kawula ingkang  
tan bukti sawindu  
amung anginum waragang  
mung saguci awak rahmat sajeng misih  
dene tan bekakrakan.

16. Pan kagepok wadine ki santri  
sru muleleng asta surawean  
heh apa suwalmu kabeh  
den akeh den atumpuk  
kalumpukna aywana kari  
mengko ingsun kang jawab  
yen sira nora wruh  
ingsun guruning ulama  
kae Besi inggih kawula kiyai  
gadhad suwal wadagan.

17. Pan kagesang duk kalebeng warih  
lelumuten kalebeng pawaka  
nusup ara-ara gedhe  
kagyat ana wong bisu  
nguwuh-uwuh melingi kuping  
sirna manggung katingal  
bakda durung rukuk  
ngambil geni tur dediyan  
akekebut tur kang kinebutan angin  
ngangsu pikulan toyah

18. Lan isining jagad sadayeki  
pinten prakara kabeh cacahnya  
lan rika jawaba kabeh  
ki pangulu anjetung  
wiruruten netyanira nis  
legeg tanpa wicara  
asawang cungkulub  
arsa muwus bok-manawa  
tan katuju malah garowah tyasneki  
satemah tanpa apngal.

19. Asru ingetag mawanti-wanti  
upamane wong tuli awuta  
kongsi jinawil pupune  
kagyat ki guru muwus  
sayektose kawula kyai  
basa karana Allah  
adhuh minta ampun

pangaksama insaallah  
adhuu kyai kawula nenuwun yekti  
ing paduka mulanga.

20. Kapiselak ing tyas mrebes mili  
sangking kaduwung salahing tingkah  
ki Besi awlas driyane  
heh reke dika mantuk  
sampun silih awatu tangis  
wus parentahing suksma  
jre dika kumingsun  
reke nunten umantuka  
sampun dangu puniki wus wektu mahrib  
reke andika salat

21. Adhuu kyai boten purun mulih  
nadyan silih jangkepa sawarsa  
mati ing gon wus pesthine  
ki Besi awlas dulu  
bok kiyai ingsun tuturi  
supayaa muliha  
haywa wet mor ingsun  
memudhar pruwitaningwang  
heh kiyai pangulu ywa walangati  
nung nuli alungaa.

22. Pan kageseng duk kalebeng warih  
lelumuten duk aneng pawaka  
banyu ing netra tegese  
gesenge eremipun  
basa lumut sajroning geni  
roh ilapi geninya  
apngal lumutipun  
pramila lumut ngaranan  
tegesipun undhaking kawruh sajati  
angrampo nora suda.

23. Nusup ara-ara semuneki  
iku nunggal sirna kang katingal  
makripat iku elmune  
paningaling roh iku

kagyat ana wong bisu nenggih  
rumungu jroning karna  
apngaling roh kudus  
bakda saduruning niyat  
iya iku kang salat jro sanubari  
ngangsu pikulan toya.

24. Kita iki kasarenan nasir  
geni banyu angin lawan lemah  
ajejuluk jagad reke  
miwah saisinipun  
jagadraya mung tri prakawis  
kang dhihin ran nurrolah  
kapindhone iku  
wujud kahananing Allah  
ing tegese mendhak lan mandhukul nenggih  
basa nur iku cahya.

25. Apa ingkang tanpa cahya iki  
sabbarang kang katon ngalam-donya  
pesthi mawa cahya kabeh  
ingkang abang kang biru  
ana ijo bawuk lan kuning  
regeed resik mawarna  
akeh rupanipun  
kabeh iku aran cahya  
dening mendhak mendhukul puniku yekti  
barang kang katingalan.

26. Pesthi kacek-kacek sadayaki  
marma muni sipat jroning lapal  
mukallapa tumaninge  
lil kawadisi iku  
nggih puniku muradireki  
muwah lokat maknanya  
munga prasejen iku  
pangulu kala miyarsa  
sru marwata kelangkung panuwun mami  
saking barkah panduka.

27. Sajeg kawula dereng amanggih  
sipta kadya pangandika tuwan  
wasisan mangsuk muride  
lawan kawula nuwun  
mugi tedahana wak mami  
wonten suwal rinasan  
santri tanpa bedhug  
lan tunjung tanpa telaga  
lawan ingkang sagara gung tanpa tepi  
papan datanya serat.

28. Sagara gung laut tanpa tepi  
lah punika mugi barkahana  
kae Besi ris wuwuse  
modin kang tanpa bedhug  
sesemone ana kang elmi  
agama tegesira  
ing agama puniku  
nora nana sampurnanya  
dudu kaleking manusa semuneki  
tunggal sirnaning anyar.

29. Wus jumeneng sahadat sajati  
semuning tunjung tanpa telaga  
roh ilapi sajatine  
ananing datolahu  
iya iku ingkang nguripi  
miwah tekeng pralina  
iku sawabipun  
tandhane kang duwe tandha  
kang tumondha aja angrasani gusti  
uwisa dening para.

30. Sagara gung laut tanpa tepi  
kanyataan uriping pangeran  
kaya mangkono tatrape  
miwah uriping banyu  
banyu dening tan keneng pati  
sapa silih weruha  
patining kang banyu

suwalaning urip tunggal  
sirna luluh kang aneng datolah singgih  
yeku sagara mulya.

31. Papan reke ingkang tanpa tulis  
paworing solah wujud tinunggal  
rasa-jati iku reke  
ki pangulu umatur  
pasang yogya puniku kyai  
leres sarta karasa  
mring sajroning kalbu  
kuneng ingkang aneng wisma  
aranira ki pangulu angulati  
kongsi dalu tan prapta.

32. Ingulatan dangu tan pinanggih  
wus tinurut paraning kang raka  
cineluk sumaur rereh  
adhi kene goning sun  
aja swara ing lyan sireki  
lagi lega tyasing wang  
kang rayi tumutur  
lumebu gampeng gumampang  
tumagala diring tyas masang dhiri  
watak tingkah taruna.

## 6. S I N O M

1. Punapa ingkang kinarsan  
lawan sinten rowang linggih  
ing ngarsa panduka kakang  
tanpa kurmat ing alinggih  
punapa setan ejim  
tan weruh panduka guru  
nulya lenggah tan taha  
rika reke wong ing pundi  
pepanese angrimuk mrih sinatmata.

2. Ki Besi anjawab asta  
rehning sudaranireki

mitraningsun sang wasita  
pasang bage sang aprapti  
kados yen den ɻlati  
rakanta tan mawa tutur  
leres angulatana  
sang liningan tan nauri  
teka meneng ki Besi mesem wardaya.

3. Ki Besi aris atanya  
mring pangulu heh ki adhi  
sinten wastane rinira  
ki pangulu lingira ris  
kadang ngong kang taruni  
awasta Ki Ketib luhung  
karyanya amratapa  
ngibadah kirat lapali  
kae Besi mesem sarwi iyatalah.

4. Nora kayaa ki umah  
numbras hadire kapati  
kaya dudu titahing hyang  
apa tegesing hyang widhi  
sih ing sira pribadi  
nora asih ing lyanipun  
Hyang Suksmata kerana  
siya esak nandhang milih  
sawusira dangu meneng ing enengan.

5. Ki Ketib-anom mangucap  
rika jawab maring kami  
ingsun uga nora watak  
kaya kakang tanpa budi  
ingsun dening Hyang Widdhi  
sinungan kwasa donyaku  
ala ingsun kaduga  
ing becik ingsun kadugi  
panduming hyang ing donya sinung pangwasa.

6. Yen sira mitra mring kadang  
apa kartinira urip  
atawa jawab maringwang

ki Besi sumaur ririh  
linggihing karya mami  
ambekan lawan rumungu  
apa kang dera pangan  
nginum sajeng kang sun bukti  
kae ketib anjelih ariyak-riyak.

7. Nora lidok ujaringwang  
si setan angajak kapir  
lungaa teka ing guwa  
daweg kakang padha mulih  
wong kana ing jaladri  
linaden rowang amuwus  
ki Besi lon angucap  
heh ki Ketib kados pundi  
ing wuwusta kapir punapa artinva.

8. Kang raka ris angandika  
heh adhi dipun aririh  
micaraa den atata  
sirik alad mring sesami  
kang rayi anauri  
inggih yen karsanta purun  
lumadi sawatara  
nanging nunten daweg mulih  
heh sang tapa sira tanya kehing kopar.

9. Satus pitungpuluhan lima  
munapek lan kapir-jindik  
lawan kapir-mutajilah  
munapek gedhening kapir  
ki Besi anauri  
kados pundi kartinipun  
ki Ketib ling mangkana  
munapek wong tan gugoni  
yen manungsa sebarang tan angguguwa.

10. Sapa sudi tetunggalan  
mara jawaba ki Besi  
inggih leres nanging uga  
kalamun wong tan gugoni

pama kinarya gusu  
pesthi yen kena tinurut  
kinarya naranata  
kawula kadugi ngabdi  
Ketib angling liya iku nora nana.

11. Sagung guru kang ulama  
kitab-kitab sun petani  
kalamun bisa anyuwal  
tetep ingsun anggureni  
ki Besi anauri  
kang lewih mokal ing rasul.  
nenggih ingkang wiwitan  
kang winastan lapal gidib  
basa gidib linyok basa linyok cidra.

12. Basa cidra sinten ingkang  
kawasa dipun tunggali  
nadyan jasade priyangga  
pesthi tan bisa nyundhuki  
nadyan silih Hyang widdhi  
tan pinareng karsanipun  
sinten remen dinoran  
ki guru amuwus aris  
yayi bener wecane sang pinandhita.

13. Destun wong ulah agama  
ngrujukaken tingal batin  
mangka manggung aselaya  
kaya paran goning dadi  
gela tyase ki ketib  
dene bisa acelathu  
kerep ingsun wewirang  
teka dadak bisa angling  
iya bener ki Besi kang saprakara.

14. Ana maning suwaling wong  
rondhon wilis tanpa warsi  
para uga anjawaba  
adan sumaur ki Besi  
sipta uripireki

iya iku uripipun  
sirnaning uripira  
jumeneng uriping gusti  
ywa kaliru mati urip saya nunggal.

15. Iku sampurnaning edat  
ki ketib mali nauri  
tanggal pisan kapurnaman  
kalud ing grahana singgih  
senteg pisan nigasi  
paran uga semunipun  
Besi ngucap punika  
senteg pisan anigasi  
sasmitanya liru wujuding kahanan.

16. Sapa kwasa mulat myarsa  
sinten bisa akal mosik  
sira ningali punika  
ananya ananing gusti  
haywa hangroro dhiri  
iku surasaning kumpul  
sirnane padha ana  
kang sirna wujud yen mati  
ingkang padha ana pangeran lan suksma.

17. Tanggal pisan kapurnaman  
tur kalud grahana singgih  
punika reke semunya  
ing mangke kadya nut nguni  
kang karasa sejati  
ananya mangke puniku  
tur kinarya lantaran  
kang kariyin kurup alip  
dede sastra kang tapsur roh kang sampurna.

18. Nyataning tapsur punika  
wewaduhahing roh kang jati  
waduhahing tapsur punika  
lewi alus luwih suci  
wus aja angraosi  
den awas aja kaliru

lan aja sumambrana  
yen sira nora udani  
iya iku kang nyata tingal kawula.

19. Allah Mukamad pamornya  
lan puji pratikelneki  
dongane anjawat-tangan  
jenenging salata mangkin  
kang jenengaken ugi  
ya paworing salatipun  
tan wruha jawat-tangan  
tan wruh ing rasa sajati,  
iya iku aran pawor jeneng tunggal.

20. Sapa ngawinaken para  
ki Besi yen nyata luwih  
ki ketib wiwit saranta  
nging misih mempeng tyasneki  
ki Besi anauri  
Allah kang mangka pangulu  
walinipun Mukamad  
Jabrail mangka sesahid  
malah aneng sajroning masigid Johar.

21. Pinangka karesminira  
apa tingkahmu ki Besi  
heh Allah apulang karsa  
iya aneng jroning kapti  
apa mas-kawineki  
den aglis sira sumaur  
nenggih mas-kawiningwang  
sayektine elmu-jati  
ajejuluk Kiyanat kekasihira.

22. Nging sampun kaliru tampa  
wastaning Kiyanat singgih  
panjenenganing Sanghyang Dat  
edat mutelak kang jati  
kidam lan bakaneki  
wujude datan kadulu

mung Hyang Suksma kang purba  
kang kapti sajroning kapti  
kang punika sampurnaning pan kumambang.

## MASKUMAMBANG

1. Ya kerana kumambang ingsun arani  
napi wujudira  
isbate amartandhani  
kaya edat jenengira.
2. Heh ki Besi sapa nginum lawan bukti  
heh singgih punika  
engaming dat mara iki  
sampun amanut ing liyan.
3. Yen wus bukti arsa nginum toya suci  
urip jeneng para  
karana ingkang rokani  
rokani angsalang cahya.
4. Cahya iku patibanning johar wening  
dhuh sapa rowangnya  
lamun sira bisa ngising  
bisa mangan lan sembahyang.
5. Lan utawa wruh ing iman lawan tokid  
kalawan makripat  
sira weruh sadat-jati  
kalawan sadat-sakarat.
6. Apan tunggilipun kang wruh rasa-jati  
iku tanpantara  
salate raina wengi  
pan sakehe iku salat.
7. Punapa ta kapasang yogyaning galih  
ki ketib karoban  
ing pasang siptaning lungid  
rong sanget meneng tan ngucap.

8. Kae tuwa pengulu ririh anjawil  
mring ketib rinira  
heh adhi aywa nyampahi  
sang wiku sabar waspada.
9. Angur silih ngalapa berkahing elmi  
malar wuwuh bisa  
ki ketib sendhu denya ngling  
kakang wong sami tinitah.
10. Ewa punika kakangong ngubayani  
lamun saged babar  
wasiyating guru mami.  
kawula dereng kabuka.
11. Durung gingsir sayarda tyasnya ki ketib  
angangseg mangarsa  
tur wus wayah lingsir wengi  
ki Besi rika jawaba.
12. Kaya paran urip tingkahing Hyang Widdhi  
cilik lan gedhenya  
akeh lan apa sawiji  
kalamun iku akeha.
13. Pan wus muni sajroning kang dalil kadis  
siji pesthineka  
yen sijiya kadi pundi  
sagunging mahluk kahanan.
14. Lah jawaben dipun age den matitis  
aywa meneng para  
ki Ketib sajroning batin  
durung wruh manising suwal.

## DAN DHANGGULA

1. Nedha aglis jawaben ki Besi  
teka mulur ki Besi tyasira  
mara rereha pakoleh

heh ananing Hyang Agung  
cecekakan mahira wangsit  
mina sajron samodra  
caplek mungguh tengsun  
lawan silih warna pira  
saisining samodra kang keneng warih  
nadyan wedhi lan lemah.

2. Yayi yuyu yayah ngyong mring warih  
warih warateng jiwa rekatha  
mina mimi katuwone  
wawejingen puniku  
pineresa apa kang mijil  
mokal wetuwa naga  
pesthi wetu banyu  
banyune sayekti padha  
lawan ingkang sinaba warih jaladri  
iku mungguh manira.

3. Upamane mina jron jaladri  
yen mariya pamanganing toy  
apa silih jejuluke  
tur nora dadya manuk  
kari mati apulang Widdhi  
duduh iwak mor tirta  
sisik dadi endhut  
lah apa winalang driya  
kae ketib sumungkem awetu tangis  
ing padanya sang kaka.

4. Besi angling punapa ki adhi  
durung nrima semu kang mangkana  
baya maksih areronce  
ing sipta durung cundhuk  
ketib ngucap sarwi anangis  
dhuh risang pindha nabi  
duta sakalangkung

rahmating tingal jro driya  
guru amba satus kawanwelas maksih  
dereng kapareng uga.

5. Tangis amba tobat mring Hyang Widdhi  
kamangkene rasaning awirang  
enak ginebug wong akeh  
maksih kawasa dulu  
lawan jeneng duraka jisim  
iki duraka nyawa  
baya tegesipun  
ebate ing tyas manira  
kae Besi bisa ngasmala ngroh mami  
malah tan kwasa mulat.

6. Karunanya asawang pawestri  
ki pangulu angluluh wuwusnya  
adhi mau ngong kapriye  
banget pamenging ingsun  
ing sunya yi jer tas nglakoni  
wus aywa keh rinasan  
minta apureku  
ki Besi langkung sagara  
Besi angling anata kadis sawiji  
pangandikaning Suksma

7. Sagung manungsa titahing Widdhi  
teka nora nimbangi sihing Hyang  
lamun bengi enak sare  
sun reksa mangu-mangu  
teka ngebuuhaken Hyang Widdhi  
wong marentah pangeran  
kang mangkono iku  
samangsa ingsun tinggala  
kari rusak bathange pinangan kirik  
ketib apa mangkana.

8. Nora nana goroh dadi tamsil  
lamun turu lali Hyang Wasesa  
kadukan cahya waune  
sira tangi puniku  
eling para lamun anggusti  
alip jenengan para  
kang sampun angguru  
sayekti salat punika  
nora kaprah nanging kaprah anglampahi  
wahu wonten punapa.
9. Satangining karuna ki ketib  
anebut pepungun esmu waspa  
satata umatur rereh  
heh piukulun sang wiku  
dhuh kawula panduka neksi  
ing jaman wuriningwang  
haywana kadyengsun  
malar pinangka upama  
kalakuwan pangucap anjungjung dhiri  
kaenas bangsa kewan.
10. Kawula dhuh panjingna memurid  
saparanta tan taha selaya  
rumusak tapak padane  
umangsah arsa ngujung  
jawab padha nulya ki Besi  
api umetu toy  
sengadinya nguyuh  
tinut wuri datan ana  
ingulatan wong roro datan kapanggih  
emeng tyas sakalihan.
11. Wangsul mring guwa arsa manganti  
kajat reresik patilasannya  
bokne teka suwe-suwe  
kupi arsa jinunjung

supayane pernah gyaneki  
ginayuh kopi musna  
kari gelasipun  
kang gelas aglis tinepak  
swaranya jur kumariyek punang bling  
binuka datan ana.

12. Ketib sadhakep pangulu anjelih  
dhuh ki Besi punapa kawula  
tuwan ilok-ilokake  
destun tyas durung tutug  
manggung kyadhi kang memadoni  
ya Allah noratalah  
maring endi mau  
tumutur medal sing guwa  
ki pangulu subrata memati ragi  
nedya sumusul paran.

13. Ning ki Besi heh para ta yayi  
wus tekdire pinaringan susah  
sira muliha den sareh  
ywa nikelaken tuduh  
ing wong tuwa sira gumanti  
pangulu memulanga  
ingsun arsa nglangut  
lah poma sira muliha  
kur-ungkuran ki ketib teka nuruti  
tan ana bisa ngucap.

14. Byar raina pangulu wus tebih  
anut pasisir saparan-paran  
kalulun non samodra rob  
ribed tyas denny dulu  
kaya paran ingkang jaladri  
banjir teka ing apa  
mring diasatipun  
pitekur anjum wardaya

lelingsene lupa luwe sarta ari  
ana rasaning driya.

15. Nulya mangkat wusnya pangkat ati  
ati tata tataning satitah  
katutuh kang durung teteh  
tetela lamun luput  
lelepiyan kang wus kawuri  
nulya ana sungapan  
anjog samodra gung  
sang tikbra anon sungapan  
iyatalah banyu iki teka ngendi  
maring di paranira.

16. Kacathet durung cetha lumaris  
datan kena katon ingampiran  
binetahan amrih berteh  
wus lami lampahipun  
kuneng gantya winuwus malih  
ketib ing lampahira  
anilib tan mantuk  
tan suda rasaning driya  
kae Besi agawe cuwaning ati  
mring endi paranira.

17. Cecawetan anjujur wanadri  
tan kena janma katon tinayan  
ki Besi mring di parane  
kang tinakon tan weruh  
malah ngucap anarka baring  
saparanya mangkana  
lepas lampahipun  
ana lakon pitung siyang  
datan ana gubug padesan kaeksi  
wus laju lampahira.

18. Tan ana janma ingkang kaeksi  
tinakenan miwah jinalukan  
karana telas sangune

sangu antuk jejaluk  
ing puniku tanana kari  
susah ketib tyasira  
laku durung tutug  
kaselak cupet sangunya  
tengah wana ana katon jalma kaki  
kaki tur kawlasara.

19. Lara lumpuh neng pinggiring kali  
tunggak dhoyong ingkang inganggonan  
tur bolong prenah bokonge  
pamrihnya lamun nguyuh  
aywa kongsi susah lumaris  
ngarsane ana ancak  
sega iwak ngumbuk  
panganan sunging wong dagang  
pinggir dalan karyane amung ngamini  
nistijab pandonganya.

20. Cahya wenes wutuh busaneki  
duk umiyat ki ketib umarak  
takon ki Besi parane  
sinauran tan weruh  
atetanya wong apa kaki  
panggonan panganira  
miwah busaneku  
sakalangkung tan sayoga  
aneng wana panganane sarwa adi  
sapa kang manci sira.

21. Anauri wong liwat kang manci  
ketib mojar heh aja dinawa  
ingsun iki selak luwe  
ngong musapir segamu  
kaki angsung karsanireki  
sangu antuk jejaluk  
den wareg den tutug  
ki ketib sawusnya mangan  
atetanya satemene iki kaki  
apa panggotanira.

22. Sun tingali lempoh sira kaki  
tur adoh lan karang pawisman  
pepak sandhang lan pangane  
sun banget salang gumun  
lawan pira lawasireki  
kaki alon saurnya  
meh ana sawindu  
kamurahaning pangeran  
durung epot kang sun sandhang kang sun bukti  
ya Allah lewih murah.
23. Wong adagang sun darma ngamini  
dumadakan kolor sandhang pangan  
lan tanpa braya sun kiye  
murahaning Hyang Agung  
lagi durung ginanjar pati  
kon urip ana pangan  
ning sapanganipun  
ketib angling bener sira  
lamun urip sarta istiyare prapti  
murahing hyang istiyar.
24. Iku basa kekerasan kaki  
sato kewan lawan gegremetan  
pesthi ana istiyare  
marma na panganipun  
mangsa kaya pangranireki  
ithik-ithik amurah  
pira kadaripun  
jatining Hyang Mahamulya  
nora arah mangka ngaku sira kaki  
den reksa saben dina.
25. Sira mangsa kaya kaki Besi bisa  
bisa nora lunga-lunga lawas  
nanging tan mangan jatine  
mangsa kaya sireku  
itung desa ngaku tan gingsir  
tekeng panggonanira  
tur ngaku sawindu

ithik-ithik kamurahan  
ning pangeran dene ingsun anglakoni  
wong padha duwe Allah.

26. Tan mangkono pratikele kaki  
nora murah yen tan lan istiyar  
kaki tuwa muwus rereh  
mangsa seja iku  
Allahira lan Allah mami  
mung sira kang beda  
kalawan katengsun  
ana lapal sipat iman  
lawan ana lapal yahomilakiri  
ngandel dina ing wuntat.

27. Kae ketib latah anauri  
teka delarung itunging desa  
nadyan lapal kang mangkene  
ya iku dalanipun  
marma saking istiyarneki  
mengko kaki ngong jarwa  
jasad lan roh alus  
lamun maksih bangsa badan  
kamurahan margane istiyar wajib  
lamun wus bangsa nyawa.

28. Kamurahan tanpa dalan prapti  
iku kaki yen mungguh manira  
ki tuwa meneng eseme  
yatalah ta Hyang Agung  
bisa karya awarni-warni  
kuneng kang rebut swala  
ana peksi siyung  
aneng panging kayu sana  
amelingi ki ketib rungokna mami  
bener si kaki tuwa.

29. Ingsun uwus belani si kaki  
keneng pulut bodhol swiwingwang  
tiba ing kali ler kiye

brondhol tan bisa mabur  
katuju tan konangan jalmi  
kasangsang neng perbatang  
iku entasingsun  
tur aneng tengahing toya  
nora bisa ngalor ngetan ngulon mami  
mung jajah saperbatang.

30. Duk ing kono ingsun ngresa mati  
parabaya manuk aneng toya  
manuk alas ingsun kiye  
dudu manuk neng banyu  
dumadakan ing luhur mami  
kang tumelung ing toya  
ana kayu senu  
tanpa uwoh ingkang wreksa  
osikingsun lekas ana kayu siji  
dudu pangananiningwang.

31. Yen buluwa atawa waringin  
lawas enggal ingsun arsa-arsa  
wus tekdir kene patine  
narima awakingsun  
katujune tan mati wingi  
umur wuwuh rong dina  
ganjaran Hyang Agung  
tan antara nuli ana  
wre branahan angalih panggonaneki  
iku neng luhiringwang.

32. Kecerane yen mangsa kang kapi  
iku akeh runtuh ing perbatang  
kang sun pangan salawase  
sun kongsi bisa mabur  
marma sidik wuwusing kaki  
iku sira idhepa  
ki ketib sumaur  
sira iki manuk apa  
bisa ngucap pakarti tur kaya jalmi  
layak yen mangkonoa.

33. Ujer sira malekat sajati  
nadyan silih sira malekata  
kwasa manungsa jatine  
jati manungsa tengsun  
ingsun iki ywan tan udani  
sapolah tingkahingwang  
prentahing Hyang Agung  
sun jumeneng rasaning hyang  
arep apa sira manuk apraduli  
tan arep pangrehira.

34. Gantya menclo ngling sun tutur jati  
ingsun ingonong anak sudagar  
sun cumbu uculan bae  
mati aneng wanagung  
gustiningsun sudagar sugih  
binegal aneng alas  
dadya sun anglangut  
marma bisa ngucap jalma  
tan pantara sang menclo wus mabur tebih  
ketib sumelang ing tyas.

35. Arsa ginugu datan kadugi  
tan ginugu ing tyas tan anduga  
ebeg tyas meneng asuwe  
ngur malekata iku  
nora tanggung gon angrasani  
muwus mring kaki tuwa  
lah kaki lilamu  
sega ingkang wus sun pangan  
lawan ingsun anjaluk kang sega aking  
ngong karya sangu marga.

36. Heh ya apa sakarsanireki  
aran iku kamurahaning hyang  
ki ketib mesem wuwuse  
ewa ingsun rumungu  
kecap mangap murahing widdhi  
ingsun arsa nyatakna  
murahing Hyang Agung

sawusira asadhiya  
sangu karang umangkat ngujur wanadri  
ngulati kamurahan.

37. Ingkang marga tumeka pribadi  
wus alawas tanana karasa  
antara sangu wus entek  
lapa lupa kalangkung  
dadya rereh denny lumaris  
ngendi gonsun istiyar  
neng tengah wanagung  
ingsun mangana godhongan  
iya maksih tumeka istiyar mami  
kang tan metu wakingwang.

38. Kang katongton mung ujaring peksi  
apa nyataa ingsun tan kaduga  
yen nyataa kaya priye  
polah pratikelipun  
kamurahan teka pribadi  
lan samarga tan pegat  
ki Besi kinayun  
kapapag janma lumajar  
bokmanawa winehan sega sun iki  
sasat milih wakingwang.

39. Sasat jaluk upama nakoni  
pasthi sumaur yen ingsun lapa  
winehan mengko temahe  
durung murah ta iku  
lamun durung teka pribadi  
temah nyimpang sing marga  
neng ing sor wreksa gung  
kayu growong sinusupan  
kang supaya aywana janma udani  
kang liwat wong adagang

40. Juragan ageng keh motan sapi  
dumadakan sapine gambira  
wowotane padha kecer  
sapi pating salusup

bubar mawut maring wanadri  
gumedér ingadhangan  
wonge ting salusup  
ki ketib nginjen tumingal  
wowotane kecer datan pinarduli  
ketib lingin wardaya.

41. Iki godha donya kocar-kacir  
durung murah yen ingsun juputa  
ngong jajal sun meneng bae  
gumeder ngalor ngidul  
ting bilulung ngulati sapi  
ki ketib mulat nulya  
api-api tan wruh  
wong dagang prapta genira  
tinakonan ki ketib sayapi mati  
nom tuwa padha prapta.

## SINOM

1. Wong dagang pating gurayang  
wong iki satengah mati  
kalireng neng tengah alas  
mesakaken sun tingali  
tawanana abukti  
pasthi arep yen karungu  
praptaa ngambil sega  
ki ketib meneng tan angling  
mata merem cangkeme mingkem kewala.

2. Ki ketib osiking nala  
lamun ngucapa sun iki  
dadi dudu kamurahan  
marga pangucap sun iki  
lamun ingsun abukti  
tanganingsun maksih muluk  
maksih istiyar ingwang  
ki ketib malah mundelik  
wong kang dagang alok mati mengko uga.

3; Heh batur sira ngambilala  
maduning tawon sathithik  
prapta madu winadhahan  
tinetesken tan ngecapi  
cangkeme saya kancing  
ki juragan saya gugup  
mengko mati temenan  
wengkangen dimen ngecapi  
sru winengkang ngesokna madu cañgkemnya.

4. Maksih kinembeng kewala  
durung gelem angecapi  
cangkeme wus kinebekan  
glagepan napasneki  
kaselak madu keli  
kaulu wus prapteng gulu  
ketib gumuyu latah  
murah temen Mahasuci  
tinakonan wus jarwa sasolahira.

5. Ngungun gumuyu kang myarsa  
sakehe ingkang ningali  
wus amit unkur-ungkuran  
samarga ngungun ki ketib  
tobate andharindhil  
biyen huwus tobatingsun  
ngina sapadha-padha  
mengko iki kaping kalih  
tan antara peksi menco prapteng ngarsa.

6. Mamelehken wuwusira  
sira tan ngandel Hyang Widdhi  
ing mengko wus kalampahan  
tobata sira den eling  
ketib gumuyu belik  
heh menco bener sireku  
payo sira sun gawa  
mring wismengsun sun ingoni  
gya didekep kang peksi menco wus musna.

7. Sajatine malaekat  
ki ketib ngungun tan sipi  
yen weruha malaekat  
sun takon gone ki Besi  
mupusing tyas wus pesthi  
polah titahing Hyang Agung  
wus lepas lampahira  
kuneng gantya kang winarni  
ki pangulu kang anut pinggir samodra.

8. Kang pinangan mung godhongan  
kang dinugan kang kinapti  
miwah woh katuting sarah  
mangkana salamineki  
cinipta mung ki Besi  
datan ana lyan kadulu  
munggah ing paran-sengkan  
anulya ana kaeksi  
kang guwa ngluhur respati tur padhas.

9. Cala lit tanpa kekaywan  
padhase kaya ingukir  
wancak-suji ana pindha  
kang pindha bale mangapit  
ana manungsa siji  
wayahe satengah sepuh  
kukap cawet babakan  
tanana karyanya malih  
mung ngusungi sarah ingkang warna-warna.

10. Godhongan ingkang katingal  
jinuput aneng ngarseki  
mung cinekel tiningalan  
manggung angiling-ngilingi  
bosen amendhet malih  
tanpa ngucap tanpa turu  
pangulu duk umulat  
ririh teka angunggahi  
wusnya tata lungguh pangulu atanya.

11. Panduka sang mahabrat  
ing pundi ingkang kawijil  
lan punapa kang kinarsan  
sang tapa datan nauri  
nging ulate amanis  
trepsila ing lungguhipun  
dhpure analangsa  
pangulu keguh tyasneki  
kae tapa muga sampuna deduka

12. Ing wau kula gumampang  
dereng wruh karsaning brangti  
pangulu tumungkul sarta  
mangen-angen rehireki  
yata ana kapyarsi  
sajroning talinganipun  
heh ki prapta ywa duka  
kawula wong kemul langit  
kandhang-mega akadang wukir samodra.

13. Ki prapta sampun deduka  
ambisu sun sedyangati  
andika punapa gurnan  
jagongan kalawan mami  
kawula sapuniki  
boten kenging acelathu  
dene dika ngupaya  
enggone kiyai Besi  
ing puniki duk mulih mring nagri Wandhan.

14. Kagyat pangulu jenggit  
tinggalan maksih linggih  
tan mantra netya ngucapa  
tinanyan malih tan angling  
meksa meneng tan muni  
pangulu garjitung kalbu  
aneh wong iki uga  
jajal ingsun meneng maning  
jroning meneng pangulu ana pangucap.

15. Tur pangucap sarwi suka  
malah katon jroning ati  
punapa andika ngucap  
wong aneh maring wak mami  
pangulu males angling  
nging tanya sajroning kalbu  
malah merem netranya  
pangulu kadya wong ngimpi  
atetanya ki Besi benjing punapa.

16. Prapta panggih lan kawula  
lan sinten wasta sang brangti  
heh ki Besi pan meh prapta  
araningsun ing saiki  
Kalamollah wak mmami  
ingsun tutur ing sireku  
arinira meh prapta  
anusul maring ki Besi  
lawan sira bakal aneng ing lautan.

17. Pangulu malih atanya  
punapa ingkang kinapti  
sakeh sarah gegodhongan  
paduka iling-ilangi  
ingsun nora jur wani  
takona ki Besi besuk  
pangulu malih turnya  
kawula tur pati-urip  
nuhun nglebur tapak padasta panduka.

18. Kang pesthi donya akerat  
sang mahabratia lingnya ris  
wong punapa awakingwang  
tuhu dahat dameng elmi  
mung kojah para wali  
warahingsun mring sireku  
tatkala musawarat  
kumpulan sagung pra wali  
angrujukken ing kawruh lah piyarsakna.

## **MASKUMAMBANG**

1. Maskumambang kang mangka murdaning gupit  
anali kang sabda  
ambuka rerasan adi  
manitreng duk Sunan Benang.
2. Pakumpulan kalawan Susunan Giri  
Sunan Ampeldenta  
kapat Sunan Geseng angling  
aris maring Sunan Benang.
3. Kados pundi panggeraning kawruh jati  
pangawruh paduka  
jeng Sunan Benang lingnya ris  
ana dene yen manira.
4. Yen jenenging rupa puniku sayekti  
ananira nyata  
kelokaning rupa jati  
jatine karsa manira.
5. Angling malih Jeng Susunan Geseng maring  
Sunan Girigajah  
Pekenira kadi pundi  
menggah panggeran paningal.
6. Manabda ris Kangjeng Susunan ing Giri  
kang puji punika  
sayektine rupa jati  
iku sajatining karsa.
7. Lingnya malih Pangeran Gegeseng aris  
mring Kangjeng Susunan  
Ampeldenta kadi pundi  
ing sang pamirsa paduka.
8. Anauri Jeng Susunan Ampelgadning  
ingkang salir bawa  
solah-tingkah muna-muni  
sakwehing panggawe alam.

9. Ulihe mring sampurna jatining kapti  
iya iku ingwang  
ya iku sajatineki  
kang ran lah sun ywon manira.
10. Sebute Allah sun nabda dat alahi  
nulya kang pangucap  
Pangran Gageseng yen mami  
ingsun wong kandheg ing Allah.
11. Kang puniku den ukumaken tanapi  
ngukumi tan arsa  
angling Sunan Ampelgadhang  
punapa boyo kantenan.
12. Ing karsyanta sampurna sapraptaneki  
miwah saulihnya  
anenggih kang suksmajati  
tan kajero tan kajaba
13. Nora lapal lawan tanpa makna ugi  
tanpa padhaneka  
tanpa kahananireki  
punika lawan malihnya.
14. Roro datan ana pangerane kalih  
jawab kang punika  
suka Pangran Ampelgadhang  
heh heh anak putuningwang
15. Padha sira teki-tekiya ing elmi  
pangeran sampurna  
iya kang jumeneng wali  
sadaya ngidhep punika
16. Boya ana pangerane myang nabyeki  
miwah tan mangeran  
ing Allah lan iku nabi  
sayekti dudu panutan.

17. Mantep suksma kewala poma den gemi  
rerasan punika  
binunuh ukume yekti  
buka gaib tebenging hyang.
18. Ki pangulu sangsaya padhang ing galih  
lir mas sinepuhan  
lir malam katrapan api  
nging maksih kadya supena.
19. Kalamolah atanya osiking ati  
lah punapa rena  
pituture wong tanpa nglung  
ning kawruh maksih taruna.

## S I N O M

1. Pan dereng mantra miriba  
lan ki Besi guru mami  
ki Pangulu aturira  
kalangkung nuhun ingkang sih  
nokidken tingal batin  
ki Kalamolah amuwus  
lah wus para meleka  
Pangulu nulya anglilir  
wus kapanggih neng pulo tengah samodra.
2. Sang tapa datan karuwan  
ki Besi katemu linggih  
gelas kipi wus sunadya  
pulone alit tur inggil  
sadhepa apan psagi  
tan ana watu myang kayu  
mung padhas amenthilas  
Pangulu gugup ngabekti  
kae Besi cinekel tan kena uwal.
3. Pangulu umatur nembah  
pulo pundi dhuh puniki

aripak aneng lautan  
kawula kalangkung ajrih  
kae Besi nauri  
iya layaran rong tahun  
saking ing nagri Wandhan  
yen teka umahireki  
ana uga lelayaran pitung warsa.

4. Iya yen ngidul rong wulan  
rong sasi mangetan malih  
ngalor ngulon padha uga  
tan ana dharatan keksi  
pulo sikarang keksi  
sira mau atetemu  
lawan ki Kalamolah  
iku uga mitra mami  
pakaryane ngiling-ngilingi godhongan.

5. Mau tuturmu maringwang  
akon sajarwa sireki  
marma godhong tiningalan  
pan iku minangka tasbih  
apngaling Mahasuci  
tekeng ngriku tuduhipun  
kang manggung tiningalan  
kariyang sirnaning kuning  
dedalane kang manggung iling-ilangan.

6. Lan tinitah beda-beda  
ana karyane pribadi  
iku kang pinaham-paham  
ki Kalamolah sayekti  
Pangulu tanya malih  
punapa kang samodra gung  
yen rob wewah kalintang  
yen angok suda kapati  
duhu punika punapa ta sababira.

7. Ki Besi tutur sajarwa  
sababe ingkang jaladri  
kang dhingin sabab agungnya

**kapindho sababing angin**  
angining jagad iki  
yen sore sirih mandhuwur  
banyu satengah nglempak  
ing pinggir kathah longneki  
märma angin mandhuwur sababing surya.

8. Yen sore srengenge ilang  
punang jagad temah atis  
yen esuk aruna prapta  
kasumukan jagad iki  
sesumuk dadi angin  
warata mring bawana gung  
nempuh maring samodra  
banyu ber udaya banjir  
dudu banjir banyu angalih panggonan.

9. Pangulu umatur nembah  
menggahing jasad puniki  
punapa inggih sanesa  
sami nama jagad singgih  
Besi nauri aris  
padha uga solahipun  
yen santri kitab rancang  
nanging durung amatitis  
satemene ingsun muwus cara Jawa.

10. Den dhemit sira miyarsa  
lan rasakena pribadi  
aja sira musawarat  
yen durung nunggal sakapti  
bok tan nyandhak kang myarsi  
satemah ingaran kupur  
ingkang pinalang palang  
satengah abuka gaib  
kaya bisa yen wus wijiling ganjaran.

## **M I J I L**

1. Ingkang ingaran manungsa kulit

dene kang sipat wong  
anging kulit mung buntel gawena  
kang supaya ing jero ywa garing  
kerasaning kulit  
yen ginepok iku.

2. Marma krasa sabab saking getih  
marmane mangkono  
lamun badan gringgingen rasane  
jiniwita nora mantra sakit  
gringgingen puniki  
meneb dharahipun

3. Obahing balung kang gawa daging  
iku saking otot  
obahing otot pikiren reke  
yen tan wruha uripe tan tertib  
basa nora tertib  
tegese tan urut.

4. Aja sok ngaku urip sawiji  
kang mangkono goroh  
arma ngong ngarani goroh mangke  
tanganing wong anambur upami  
wong gambang kumitir  
mokal dhewekipun.

5. Mangsa kobera aduwe kapti  
karepe semono  
lawan malih yen obah jrijine  
ngisor kuku miwah ing jejenthik  
yen uripa siji  
pesthi otot nurut.

6. Wiwit jenthik prapta jroning ati  
mangka tan mangkono  
kya pangulu angangseg ature  
dereng serep nanging jeg matitis  
ingkang pundi ugi  
nenggih dunungipun.

7. Besi angling pawore sayekti  
kang ingaranan roh  
roh panekar iku upamane  
ingkang akeh-akeh ingarani  
tegese puniki  
sabab aranipun.
8. Sawab dudutane molah mosik  
bubuhaning kang roh  
roh pepikul upamane kabeh  
kang sawiji upama roh carik  
amratikel kardi  
marentah sedarum.
9. Balung daging otot miwah kulit  
karyane meh awor  
padha jumeneng dandanan kabeh  
seje lawan banyu angin getih  
kang telung prakawis  
dadi sebab iku.
10. Mulane tangan bisa amosik  
kaceneng sing otot  
kang cineneng iku bebalunge  
obahing otot saking gegetih  
getih kang neng daging  
nglawani karyeku.
11. Dening obahipun punang getih  
bebanyu kang ngoyok  
obahing banyu iku sawabe  
ingkang ngirid angin ingkang aris  
tegesing kang angin  
aris iku sumuk.
12. Sumuking urip ingkang amawi  
kang kekutha kono  
mangsa borong gon andunungake  
susuh angin ya canduning angin  
wus bangsaning gaib  
tan kena winuwus.

13. Yen nasir owah salah sawiji  
jeneng lara encok  
lamun getih kang owah arane  
lara apus emar rasaneki  
kurang panas sakit  
kemel kekes iku.

14. Lara telung prakara puniki  
iku laraning wong  
kang wus tuwa mengkono tindake  
marma owah paningalireki  
banyune mung kedhik  
tan kaya duk agung

15. Mila suda pamiyarsaneki  
sesemuke kalong  
mila aber kang lidhah polahe  
otot alum getih mung sathithik  
yen memangan kaki  
suda rasanipun.

16. Dening sungsum karyane nguripi  
balung kang den emong  
sabab kang sungsum lenga dhapure  
iku banyu ingkang gawa agni  
yen ngamungna warih  
brerek maring balung.

17. Dhapuring lara mung rong prakawis  
tegese kang roro  
dhingin owah pasanging nasire  
iku uga karan lara wajib  
ingkang kaping kalih  
panganan margeku.

18. Lara wenang kang saking abukti  
kang kajaba kono  
lara duraka iku maknane  
kena bebendu ujer sok lali  
marang ing Hyang Widdhi  
kang lara kabentus.

19. Ki pangulu umatur aririh  
palaling Hyang Manon  
basa istiyar lawan papesthen  
kados pundi pasanging kang yekti  
wenang wajibneki  
ki Besi sumaur.
20. Aja kakehan pamekireki  
kang satengahing wong  
kang istiyar marganing pepesthen  
ana kang satengah wong bikawit  
rosa istiyaring  
pakaryanireku.
21. Ana maning ingkang den karemi  
mung pesthi wus dheprok  
ubang-ubeng mung pesthi andhege  
kang mengkono yen mungguhing mami  
bener sadayeki  
karo padha luput.
22. Keranane kawruh ingkang dhingin  
wong ngengkel mring Manon  
kang sawiji ngresula semune  
pangulang ling adhuh ingkang pundi  
tyas langkung kagimir  
suwal kalihipun.
23. Mungguh manira kang prapteng tokid  
kinumpul kang roro  
yen wus kumpul ngalih jejuluke  
ki istiyar kalawan ki pesthi  
arane puniki  
pinareng pinuju.
24. Iku kang wus tekdir dalil kadis  
kusus para raos  
kalawan ana patarangane  
lamun arsa masang susuh pesthi  
ngesemana ngelmi  
sira den tuwajuh.

25. Basa ngelmi kawruh warni-warni  
peken salah sithok  
upamane pandhita gawene  
sring niteni gagak lamun prapti  
palaling Hyang Widdhi  
gagak marginipun.
26. Turta gagak tan pisan ngawruhi  
hitung kareping wong  
mila dadya pandhita ngelmune  
jer ing batin ing tyas wus ubanggi  
aja na kang prapti  
dhangdhang yen tan pathuk.
27. Kadyaganing wong aduwe elmi  
olan-olan alon  
dennya ubaya mring santikane  
nora nana ula ingkang mandi  
lamun ana mandi  
ijrail neng ngriku.
28. Ana maning upama sawiji  
wong ahli maido  
lawan wong ahli gugon pamane  
turta karo iku padha sidik  
wus karseng Hyang Widdhi  
genti patrapipun.
29. Endi lire ingaranan ganti  
yen wong kang maido  
bakal ana warta tan kayekten  
dumadakan karsaning Hyang Widdhi  
kang maido prapti  
bener wuwusipun.
30. Lamun bakal warta kang sayekti  
dilalah kang gugon  
ingkang ana ing kono wartane  
ginugu dadi kang warta sidik  
wong maido tebih  
dumadak tan ayun.

31. Iku lire patarangan pesthi  
antep kang mangkono  
ki Pangulu legeg jro driyane  
sakalangkung lumeketing ati  
rumasuking budi  
karaket jejantung.
32. Kawula kamipurun mangsuli  
atur kang katongton  
ki Kalamolah pundi wismane  
kawula dahat dereng dumugi  
gen kula kapanggih  
ki Besi gumuyu.
33. Teka meneng solahe kya Besi  
Pangulu duk tumon  
ana karasyeng tyas kaduwunge  
gennya munjuk arsa asepanggih  
kang katon ing galih  
Kalamolah wau.
34. Kya pangulu meneng datan angling  
tan dangu karaos  
jro talingan ana swara rereh  
muni Kalamolah datan malih  
nging swara anitir  
tan salin kang wuwus.
35. Jroning netra tan liyan kaeksi  
Kalamolah katon  
manggung katongton aneng neetrane  
mulat samodra milu kaeksi  
mulat langit-langit  
tumut aneng ngriku.
36. Kalamolah kang manggung kaeksi  
bosen dennyum tumon  
manggung katon tan ana karyane  
miwah kang karungu tanpa kardi  
mung manggung memuji  
maring jenengipun.

37. Kalamolah tan liyan kapyarsi  
bingung denna anon  
ki Pangulu amubeng polahe  
mulat lor kidul milu kaeksi  
miwah kang kapyarsi  
merem andhekukul.

38. Maksih katon sigra angrungkebi  
ing pada rawat loh  
adhuu kula eden temah mangke  
yen tan panduka sih ing kwasasih  
rucaten puniki  
kula kesel dulu.

39. Malah ajrih bosen aningali  
malah tan antuk don  
minta apura punapa sak reh  
tan uninga ing wau sayekti  
ing tindak puniki  
kang angreh pukulun.

40. Duking wau panduka sung warti  
memitra kemawon  
marang ki Kalamolah ing mangke  
dene panduka kang ngreh sayekti  
pakarti puniki  
duhu bosen pukulun.

41. Kae Besi wus menenga ugi  
pratingkah geguyon  
balik payo mring dharatan age  
sun arsa nemoni rinireki  
wong uwis ya uwis  
payo padha laju.

42. Duk umadeg sing sasana nuli  
sumaput kang panon  
ki Pangulu nora wruh parane  
wusnya eling byar aneng wanadri  
neng perbatang nginggil  
panggih rinireku.

## KINANTHI

1. Kinanthi jalma katedu  
Ketib Pangulu ki Besi  
wusnya takon-tinakonan  
ing sasolah-tingkahneki  
kupi kapanggih sumadya  
ki Ketib umatur aris.
2. Nanging batine kasusu  
atur takone ki Ketib  
muwus atur cecendhakan  
sarwi kurmat mangku kupi  
pukulun ingkang weragang  
punapa karyanireki.
3. Kebrangasan aturipun  
ki Besi aris nauri  
pakaryane kang waragang  
kitab tasbah aneng kuping  
semangsa ingsun inuma  
kang panon rasane salin.
4. Miwah wuwus lan pangrungu  
sayekti rasane salin  
supaya sun kelingana  
apesing aral puniki  
jer ki ati sok gumampang  
angaku tawekal ugi.
5. Yen durung kalebon iku  
rumasa ekas sayekti  
satengah mendem karasa  
takiyuring tingal batin  
supaya wet eling ing wang  
lan wuruke guru mami.
6. Tan kena mareni ingsun  
goningsun kulineng kupi  
kalawan angundang gelas

yen durung lir guru mami  
guruningsun yen waragang  
den inum nora ngendemi.

7. Tanpa sarat lawan esmu  
mung twajuh den ageladhi  
yen nginum kebak gya mutah  
utahan den inum jalmi  
nora owah endemira  
iku sun sedya ing ati.

8. Ketib matur kula nuwun  
paduka inumi kedhik  
destun arsa ngraosena  
endeming anginum awis  
ki Besi nauri aja  
eman ibadahireki.

9. Sira wong bakal pangulu  
anempuh karam binukti  
ki Ketib apari kedah  
kenging ugi wong ngayoni  
asangget pameksaningwang  
panduka paring sakedhik.

10. Punapa sayektosipun  
ngowahken ing tingal batin  
Besi muwus heh ta nyata  
marma kinaramken niki  
nadyan silih mekatena  
destun arsa angraosi.

11. Ki Ketib sinung wus nginum  
tan pantara endem prapti  
rada kaduk panginumnya  
netra bilut angmu getih  
sura ing pemuwusira  
sumaguh maring binatin.

12. Kadariyahe kumebul  
kumruwuk anjungjung dhiri  
iki uga bisa gampang  
gon ngumpul mring iman tokid  
sarwa kacongkah tyasingwang  
umatur maring ki Besi.

13. Panduka duk wau dhawuh  
ing timbalan maring mami  
supaya ing tyas ajriha  
goroh panduka puniki  
dene teka mindhak sura  
agampang mring barang kardi

14. Sakeh mring panggawe saguh  
ambubrah sakyeh ginaib  
pinalangan norak kena  
malah ngaku wujud widdhi  
lelungguh asila-tumpang  
tangane manggung nudingi.

15. Kya Pangulu salang gumun  
banjur edan iki ugi  
si Ketib polahe anyar  
jer sok alat mring ki Besi  
puluh-puluh wus dilalah  
ki Besi amuwus aris.

16. Nginuma maning sireku  
ki Ketib sumaur inggih  
mandah nginuma ping tiga  
ngong kira bisa tubadil  
kaping pitu bisa mirad  
temah ngraga suksma bakit.

17. Gelas tinampan wus nginum  
gelas geng tur den kebeki  
kasusu suka kaselak  
awahing marebes mili  
endeme sangsaya ngrebda  
dhasar nembe nginum sopi.

18. Padrek pisan rada kaduk  
durung sumene tinuli  
gelas geng tur kinebekan  
duk kaping kalih gumuling  
nulya salin sambatira  
peteng temen netra mami.

19. Cat-ecatan yen rumungu  
gumarebeg kadya angin  
panoningsun belang-belang  
mumete kapati-pati  
angenting sesambatira  
kapoyoh sarwi anangis.

20. Mutah banyu mancur-mancur  
dhasare wong tanpa bukti  
sumaput lajeng kantaka  
mesem umulat ki Besi  
kya Pangulu wuwusira  
wurung edan sida mati.

21. Kantakanira sadalu  
tan winarna nulya nglilir  
sauwusira waluya  
tinakon marang ki Besi  
kapriye rasane uga  
duk kathah lawan duk kedhik.

22. Ing mau gonmu anginum  
gedheg-gedheg ngling ki Ketib  
punapa ingkang amawa  
kacongkah duk lagya wiwit  
lawan kapenak maring tyas  
duk sanget teka asalin.

23. Teka bingung tanpa tembung  
amubeng temahan lali  
adhuh aleres panduka  
arale kaesi-esi  
adhuh tobat temen ingwang  
goningsun manggung alali.

24. Angina wus kaping telu  
sapisan durung beneri  
angina mring kaki tuwa  
mring ki Besi wus ping kalih  
iki apa ati bakal  
ngalamat naraka agni.

25. Wong berbudi kang amuwus  
kang mangkono dadi tamsil  
tegese tamsil upama  
aja na padha nglakoni  
angina sapadha-padha  
iku kacane ki Ketib.

26. Panggawe sababing dhapur  
seje rupa seje kardi  
yen rupa iku padhaa  
pesthi panggawe mung siji  
mulane awarna-warna  
sabab kang rupa mawarni.

27. Anenggih mangsuli catur  
patakone mring ki Besi  
sawabe wong ngumbe arak  
kya Besi wuwusira ris  
mulane wong ngumbe arak  
yen kedhik tyasnya amingis.

28. Mulane ana dem iku  
bebanyu kalawan getih  
sumilak ngalih panggonan  
sumungsung mawaning awis  
padhaa banyu yen arak  
angsaling kukus sayekti.

29. Kang kukus kudu mandhuwur  
angirid banyu lan getih  
getih sumungsung mring muka  
peteng mring netra myang kuping  
marma iku padha owah  
paningal myang pamiyarsi.

30. Her netra kasaban marus  
marma peteng temah abrit  
'yen sedheng keh kedhikira  
sedheng rasa mundhak mingis  
yen kaduk temahan kalah  
kang jiwa angga puniki.

31. Seje endeming kacubung  
endeme kadunan angin  
tan mantra sikareng toyta  
sawab iku tanpa warih  
endeme amung parungsang  
mung nempuh jiwanning dhiri.

32. Netra kuping maksih bakuh  
mung lupa rasaning dhiri,  
sabab tanpa wuwuh toyta  
iku amung deming angin  
yeku araling kawula  
ki jasad sring owah gingsir.

33. Aja sring ngaku sireku  
kawasa ngreh jiwa dhiri  
yen sireku kawasoa  
pagene nora udani  
cukuling wulu kukunya  
iku pratandha sayekti.

34. Wus karo muliha iku  
wus padha ingsun amini  
Pangulu matur sandika  
ki Ketib lengganeng kapti  
durung tutug karsanira  
pinaksa datan nuruti.

35. Ki Besi lon wuwusipun  
apa mantep karo sami  
yen nyata anut maringwang  
sun nyatakaken sireki  
mara kupi tututana  
endi kang kebat sayekti.

36. Kupi inguncalken gupuh  
mangisor pambuwangneki  
sangking luhuring prabatang  
sigra kalih tan nasari  
anjlog kupi tinututan  
byar ilang alam wus salin.

37. Kapanggih neng wismanipun  
ki Besi wus tan winarni  
kupi kang kinarya gelar  
tan pandon datan kawarni  
Pangulu wus prapteng wisma  
miwah arinya ki Ketib.

38. Ki pangulu langkung sokur  
upama bedhah negari  
kaboyong kena putrinya  
kadyangganing wong angimpi  
praptaning wisma kalawan  
duk panggih aneng jaladri.

39. Ki Ketib kang manggung ngungun  
upama wuruning rabi  
mangsa borong patrapira  
sagung tarek kakekating  
elmu kang rinasa-rasa  
kuneng maskentaring warih.

## MASKUMAMBANG

1. Kuneng gantya kocapa satriya brangti  
kang alul nglelana  
mider-meder anderpati  
mendra anjajah bawana.
2. Apeparab Makmun Nurhadi Salikin  
mudha among-brangta  
wayahe satriya brangti  
bangsa Rab kawijilanya.

3. Aneng Argasonya manengkung mahening  
sabat loro nama  
iman tokid datan kari  
subrangta mematiraga.
4. Semadinta rahaden upameneki  
kadyanganing wong kang  
ngagar dahaneñ wanadri  
yen amber pamususira.
5. Mring pangagar sayektine datan mijil  
kukus generira  
mangkana ciptanireki  
risang mudha among-brangta.
6. Sun samadi lamun leledaa mami  
mangsa ta bisaa  
pamoring badan suksmaning  
marma sanget gentur tapa.
7. Pan tinata saking tarekat tinarik  
pamujiining suksma  
wit sarak tata-krameki  
anut ing jeng rasululah.
8. Pan anembah amuji tata-krameki  
kang kampir ing arga  
langkung denny matiragi  
sang Ibnu raja pandhita.
9. Wus angangkat mancad lam laut kang ening  
amantheng ing cipta  
mindeng ing panunggalneki  
maring sajatining ana.
10. Anggung pana ing dating Hyang suksmajati  
mati jroning gesang  
sirna sajroning aneki  
liwung gaib sampurnanya
11. Upamane sembahing manungsa kadi  
lir kayu kang medal

dahana ingkang kinardi  
kang mangka kayu Hyang Suksma.

12. Kang mangka gni sembahing manusa jati  
pan datan kawasa  
anembah lawan amuji  
lamun tan ana sihing Hyang.

13. Kadyanganing sembahing manusa jati  
menyak ingkang medal  
saking wong amuter singgih  
dening ta ingkang minangka.

14. Wong amuter padaning Hyang Suksmajati  
kang upama menyak  
manusyaning hyang kang lewih  
pangastutinya sang brangta.

15. Ing Hyang Suksma byapi byapaka lirneki  
kang byapi wiseka  
liring kang byapaka malih  
kang datan wise punika.

16. Inggih sangking Hyang Suksma kang Maha-lewih  
pan-sarining cipta  
kang amisesa sayekti  
pan datan amor ing ganal.

17. Datan amor ing alit kalawan malih  
tan amor ing ala  
hayu marma mangkaneki  
dening ta Hyang Mahamulya.

18. Langgeng kang akarya rat pramuseseki  
apan patineka  
uriping kang manuseki  
langgenge lan tekiyurnya.

19. Pang sangking Hyang Suksma kang amurbeng bumi  
sangkane ulihnya  
ing awal praptaning akir  
tan lyan sangking Hyang Wisesa.

20. Sembah pujinira sang mudha mong brangti  
yen upamakena  
lir wulan memba madyaning  
awiyat tumameng wadhadh.
21. Tetiga kang sawiji isi her wening  
kang kaping kalihnya  
isi toya letuh singgih  
tanpa isi kaping trinya.
22. Wewayanganing wulan kang tumrap warih  
kang wening yektinya  
tetela warnaning sasi  
kang memba ing toya buthak.
23. Yekti bawur kang wulan bunar ingaksi  
sasi ingkang memba  
mring wadhadh kang tanpa isi  
sayekti suwung tan ana.
24. Wewayanganing wulan ingkang pralambi  
apan ing dumadya  
punika kanyatahaning  
Hyang Suksma ingkang tumiba.
25. Toya wening tegese kang sujanmadi  
ingkang raharjeng tyas  
netepi pangabektyeki  
mring Allah kang murbeng jagad.
26. Kang tumiba ing toya letuh upami  
ya manusa ingkang  
rago-rago tyasireki  
arep tan arep ya marang.
27. Kapenedan ywan manungsa kang nibani  
wewadhadh kang sonya  
kang mungkur ing suksma-jati  
kang ngarepaken hawanya.
28. Amaregi ing pangan turu tan hening  
sahwate ywa towang

anandhang nganggo ywa kongsi  
kurang ing sadinanira.

29. Kang mengkono lir sato angganireki  
sato-mani lirnya  
tegese kang sato-mani  
sato kang wenang pinangan.

30. Karantene dumadi tan kadya kang ning  
kang ulah nestapa  
ayogabrata semadi  
pangastutinya sang brangta.

31. Kasatriyanira den eberken ngarsi  
lampah kapandhitan  
sinamar tuhu piningit  
dhasar satriya nglelana.

32. Apan tuhu nugrahaning hyang kang prapti  
genturaken tapa  
nir cipta hening pamoring  
yeku jatining manungsa.

33. Sayoga tuladen kang alul brateki  
wonten kang satengah  
manungsa tan nestapeki  
tanpa potang ing Hyang Suksma.

34. Ngenthu-enthu jaluk kawiryan kamuktin  
kasugihan lawan  
kasekten kamulyan pinrih  
mring hyang yekti tan tinekan.

35. Paran marga dinulura sasedyekei  
tan semadi brata  
tan nimbangi sihing widhi  
tan nyegah pangan turunya.

36. Pamintanya asru malah sangsayeki  
dening datan nyegah  
rajah tamah den jurungi  
yen sirasa bek utama.

37. Dipun mantep anetepi nastapeki  
mudha among brangta-  
ngandika mring sabat kalih  
babadana gunung-raga.

38. Pan sandika turing paliwara kalih  
Makmun Nurhadi Sa  
likin kang wiwit rumiyin  
ambabadi gunung-raga.

39. Gununging tyas mega mendhung anglimputi  
ametengi jagad  
punika kang den babadi  
resike lan panarima.

40. Den babadi ing puji dhikir lan tasbih  
winatun ing tobat  
tigapar tan kena lali  
binubutan lawan donga.

41. Saponana toyta wulu den baresih  
apacul tawekal  
linggise mangsuding ati  
wakil taberi ing lampah.

42. Reregdede binasmi ing salat daim  
reregded wus sirna  
ragane mudha mong brangti  
atulus wus winiwitan.

43. Sinimpenan mangsuk marang gedhong osik  
gunung wus apadhang  
mega mendhung tan kaeksi  
kang arga katon anglela.

44. Kang pinethet Makmun Nurhadi Salikin  
sadasa prakara  
anenggih kang den dhangiri  
witing ngelmu lawan lampah.

**45.** Panarima winantun raina-wengi  
lawan witing tapa  
witing amal witing urip  
witing pati kang rineksa.

**46.** Witing salat punika kang den tunggoni  
lawan witing swarga  
punika kang den simpensi  
witing naraka rinusak.

**47.** Wus mardika sampun tumeka ing pati  
patitising tingal  
baita amot jaladri  
sarahe anungsung toya.

**48.** Iman-tokid kang sinandhang rina-wengi  
wewangkil kewala  
ki Tokid angagem linggis  
asandhangan wektu lima.

**49.** Iketipun wektu subuh datan gingsir  
wektu luhurika  
ingkang minangka kulambi  
nyampingipun wektu asar

**50.** Mung sabuke punika wektu mahgerib  
keris wektu isa  
clanane winal-witri  
rakatal-witri kasutnya.

**51.** Sembe alus jamak kasram takdir takrir  
wau tesbehira  
sunat mashur kang respati  
alam-nasut linayaran

**52.** Dening raden Makmun Nurhadi Salikin  
ingkang linayaran  
alam laut ingkang hening  
yata genti winursita.

**53.** Ki Besi kang mider angalaya bumi  
pan wus ngraga-suksma

dinulur sasedyaneki  
kandheg samadyaning wana.

54. Duk umiyat teja lor wetan amening  
tan samar ing driya  
tejaning satriya brangti  
ki Besi nya lumaksana.

55. Umuksa sangking wana wus prapteng wukir  
langkung wlas tumingal  
marang kang mindha wewasi  
apitambah mring sang mudha.

## SINOM

1. Wus kapanggih lan sang brangta  
lumengser angacarani  
panduka lenggahi kasah  
ki Besi dheku wus linggih  
sang tapa nambrama ngling  
teja suleksananipun  
wingking pundi pinangka  
paran kang sinefyeng ngarsi  
anauri sun angger wong tanpa wisma.

2. Sedyengsun tinjo ing sira  
Makmun Nurhadi Salikin  
umatur langkung manpangat  
jeng panduka anedhaki  
sasat lelatul kadri  
dhawuh sewu nugraha gung  
ki Besi malih lingnya  
milangger sun prapteng ngriki  
pan tejanta kang dadi ing praptaning wang.

3. Langkung weninge kang teja  
pandugane ing tyas mami  
sun dalih tejweng kekaywan  
tuwin sela kang amijil

ing mengko ta sireki  
kang anganaken satuhu  
Besi malih lingira  
heh angger ingsun tingali  
yoga-bratanira lestari prayoga.

4. Nanging ta sawiji cacad  
iya ing paningal mami  
sira maksih kawoworan  
penggawe maksiat kaki  
tan iklas mandhiteki  
tekad kasatriyanipun  
sireku maksih nyandhang  
panganggongin satriyadi  
eman temen ki raden subratanira

5. Yen tan putus kalepasan  
tanpa karya asemadi  
lingira malih sang yoga  
hah kaki wruhanireki  
tyas kang rahayu yekti  
yen wus patitis ing kawruh  
kang pinelenging tingal  
aning ing kamuksaneki  
lamun maksih iya angesthiyeng lekas.

6. Kang maring sasaring tingal  
ing ataki-taki ugi  
nora nana kang atinggal  
ing becik milih aleki  
heh wruhanira kaki  
tingal mring kamukswan iku  
ayun ngawasken marang  
kang pinendeng aywa gingsir  
datan kena sinambi-sambi ing karsa.

7. Datan kena kala-kala  
kala met kala boyeki  
lawan kala amet swarga  
tan kena mengkono ugi

**satemah sangsayeki  
sakit ingkang dera pangguh  
heh kaki wruhanira  
rencaneng pancadriyeki  
yen wus ngrandon mungguh ingkang pancadriya.**

8. Angel denira angalap  
yen tan ingalapa singgih  
ambebingungi ing tingal  
tingal mring karahayuning  
kalingan rahayuning  
sayekti awet wulangan  
kalingan dening raga  
wisaya harda sayekti  
harda puwa-puwa ling malih sang yogya.

9. Mudha Mongbrangta wruhanta  
penggawe pancadriyeki  
kadyangga ningali wayang  
ana kang sekel prihatin  
weneh gumuyu nangis  
wus wruh bare niku lamun  
walulang kang kinarya  
ingukir pinolah sami  
wa mangkana keh wong kapencut tumingal.

10. Yeku panggawening panca  
driya mor siluman kaki  
kang mangkono panganggepnya  
mangkana lingnya ki Besi  
neher sumaur aris  
pukulun sang mahawiku  
pan tulusa raharja  
kang sabda denyangsung wangsit  
sang ayogi nanging ta saestunira.

11. Marma ngong maksih anyandang  
panganggoning satriyadi  
anyandhing sanjata panah  
angagemkang tunggak sami  
taha yen ulun kardi

inggih gegamaning lampus  
kewala mung dadosa  
kapraboning satriyadi  
mugi ingkang sedya sikara tan arja.

12. Punika gening tumama  
mungguhing satriya ugi  
ulah yasa lan kawiryan  
mangsa supeya kang maring  
ing kalepasan ugi  
pukulun sang mahawiku  
ring wong apened mangsa  
supeya jatining urip  
kang kalingling ing wuwus ulun punika.

13. Yekti jatining agesang  
nora yen dorakna ugi  
mungguh patitising pejah  
mung maksisha ulah singgih  
kawiryan kang kinardi  
panganti-antining lampus  
kewalanggeping driya  
kasukan kang wibaweki  
ulun karya pameng-amengan kewala.

14. Mangkana wuwus sang Brangta  
sumaur alon ki Besi  
heh kalingane Mongbrangta  
mengkono karsanireki  
dadyewuhing tyas mami  
yen kita dulu raneku  
kayuning pancadriya  
pan awon-awoning bumi  
dadya maksih ragu-ragu ing tyasira.

15. Kang inggaranan utama  
kang mungsuh pancadriyeki  
sireku tan ora pisan  
malah sira parepeki  
angiring sakarsaning  
petenging kalbunireku

dadya katitihing tyas  
demi yen uwus katitih  
ing satemah kasangsaya raganira.

16. Heh Mongbrangta wruhanira  
wong karem boga tan ykti  
dadya won-awoning janma  
barang ywa kasengsem kaki  
mrih bekaning dumadi  
kayata wong tuwaburu  
tan ana ing karyanya  
mung mati buron wanadri  
besuk lamun palastra nitis ing wraha.

17. Dening septa ing bedhagan  
muwah wong tuwaraweki  
tanana karyanya kang lyan  
mung ngulati ulam warih  
lamun palastra benjing  
anitis ing buwaya gung  
wecaning pati ingkang  
patitis kang tatas maring  
ing kamuksan kalamun sapanggawenya.

18. Ywa kongsi kasengseming tyas  
sirik yen mungguhing mami  
mangkana sang Amongbrangta  
myarsa wuwuse sang yogi  
angles tyas lir iniris  
kakenan driya malatkung  
tuwu sabda kastikan  
sanalika tan kena ngling  
risang Mudha Mongbrangta jetung kewala.

19. Anulya enget saksana  
wewekase guruneki  
Purwasujana wastanya  
duk sang mudha lelaneki  
Purwasujana mangsit  
tapaa sira masingsun  
mintara argasonya

lah pratapakena kaki  
nagaranta ing Atasangin mulyakna.

20. Tetepa kasatriyanta  
tedhanen mring Hyang Suksmaning  
ing besuk iya manawa  
pandhita nuduhken maring  
ing kamuksan sayekti  
yata sang Brangta umatur  
tan apanjang saurnya  
pukulun sang maharesi  
ingkang mugi tulusa ing sabda tuwan.

21. Nanging ta ulun punika  
tan kenging saestuneki  
lamun anut ing kamuksyan  
marmanya ulun martapi  
sageda tulung maring  
inggih sesameng tuwuh  
mulyaa kang nagara  
punika sun sedyangati  
sami-sami ecaa aywa sangsaya.

22. Punika kang ulun sedya  
mring Allah ingkang mahasih  
sun lebu-pada wisaya  
ataki-taki semadi  
panedhengsun ing Widdhi  
pan ulun sedya tan mantuk  
sangking ing Argasonya  
ywan tan prapta sedya mami  
langkung trustha ki Besi sajroning driya.

23. Heh tuhu mantep ta sira  
adhuh suteng ulun kaki  
tulusa tapa bratanta  
den tetep yoga semadi  
nira mring Hyang Suksmaning  
den mantep siptanireku  
kaki kang sira tedha  
lan mengkene reh nerpati  
kang utama ngecandi tyasing dumadya.

## **M I J I L**

1. Wijiling reh kaki satriyadi  
yen amitra kang wong  
estri wisaya tan sayogyane  
manguciwani ring ulah yekti  
aywarsa anunggil  
malih yen sireku.
2. Amemitra wong kang ati-estri  
tampiken punang wong  
aywa ayun anunggal prayane  
tuwin lamun memitra sireki  
lan wong sedya mamrih  
estrine sang prabu.
3. Pegatena tresnanira kadi  
amegat wong wadon  
darapon luwara pamitrane  
iku ambeking pandhita yekti  
yen tan mangkaneki  
engetna satuhu.
4. Aywa wangwang mariya tyasneki  
kang among wirangrong  
ing pat ipatana ring ulahe  
pan sayoga kang mangkana nenggih  
mamriha lestari  
ring ambek rahayu.
5. Kawruhana wawekase nenggih  
risang leng leng among  
heh sang ratu kawruhana mangke  
sawiji-wiji saking pakarti  
uwite kang dadi  
panggawe puniku.
6. Ana trape yekti ana ugi  
kadadeyaning don  
lawan malih ana wekasane  
kang sinedya ing karsa puniki

tan liyan saking wit  
witira duk wau.

7. Ana minangka sampurnan ugi  
lan malih ring kaot  
kang minangka madya lan nisthane  
ana nyegah ring kadadeyaning  
mangkana ta malih  
wruha ing trapipun.

8. Lan kadadeyane kang kinapti  
ing panggawe kono  
lawan malih kawruhana dene  
pancadriya kang angrusak kardi  
panggawe sawiji  
pan condhonging napsu.

9. Condhonging napsu iya kang maring  
karemenaning wong  
yeke ngrusak mring traping panggawe  
bungahing napsu saking dadining  
panggawenireki  
dening kang piyangkuh.

10. Lawan dhiri puniku pan dadi  
dungduman kimawon  
iya dungduman aran nepasune  
lawan aywa ngegungken sireki  
kabisanireki  
werdineng ing kawruh.

11. Aja tan ora ngegungken ugi  
kabisanta kang wong  
wicaranen puniku karepe  
ya sagunging kang para binangkit  
kang wruh ing wadining  
den ngudiyeng kawruh.

12. Ana amakolih kang kinapti  
yen tan makolih don  
lirnya tan makolih ing sedyane

ana angrusak ingkang kinapti  
heh sang narapati  
kawruhana tuhu.

13. Dadekena sariranireki  
iku gedhah kaot  
ya ing gedhah dadya paesane  
kang minangka timrahe kang uwis  
sun ucap puniki  
jenenging karyeku.

14. Tetepana den rena ing galih  
kukuming Hyang Manon  
lan aywaa mestheken becike  
pakaryanta srahene ing Widdhi  
dhihina sireki  
malawani kayun.

15. Kayun ingkang tan arju ing galih  
prihen raharjeng wong  
mangka taki-taki ring lampaha  
yen ring dadining panggawe nuli  
prenaha ing galih  
tobat ing Hyang Agung.

16. Lawan aywa pegat ngapti-apti  
rahmating Hyang Manon  
lawan aywa mestheken dadine  
kang sinedya saliring pakarti  
myang delingireki  
saking pangwaseku

17. Punika weweling sang linewih  
heh saguning kang wong  
berbudiya ywa anduta mangke  
wong kang durung sira udaneni  
pakaryane nenggih  
lan aywa sireku.

18. Anglawani ing wong ina saking  
sira sisip ing wong

lan aywa tan ngawruhi ing tyase  
wong sawiji-wiji den atiti  
lan wruha nisthaning  
karya mring sireku.

19. Miwah gingsire kang mawa kardi  
ing gampang lan ewoh  
lawan aywa beciki wong dereng  
sira kawruhi pakaryaneki  
manawa tan dadi  
ing temah rahayu.

20. Nihan kawruhana denta malih  
pangwasaning katong  
isthaning pawaka kang agedhe  
lawan maruta kang sanget nenggih  
engetana malih  
ing kawiranipun.

21. Kadya dahana ing budi kadi  
ya pawaka marong  
lawan malih aywa aseseren  
parentah maring wong kang darbeni  
sakira-kira ring  
kang pangayun-ayun.

22. Maring liyan saking kang nyereni  
malih tutur ingong  
punang asawita sanepane  
kadya anendra ing tilam agni  
bantal sarpa nenggih  
ing samepanipun.

23. Kang sinawitan pan kadi giri  
gora lir mangkono  
ing tegese iya gunung gedhe  
salirning kasutapan marnani  
tan nir tanyaken ing  
sangkep jroning gunung.

24. Salwirning durgama aneng dhiri  
miwah ring kalangon  
sangkep wisa lawan amertane  
jro himawan sangkep tan asepi  
mangkana jenenging  
sang mahardika nung.

25. Paran marmanya ingaran enggih  
mahardika kang wong  
iya dening agung ing jenenge  
luhuring semu alusing budi  
tan gingsiring pangling  
jetmika satuhu.

26. Kawruhana wewateking janmi  
pan kaot-kinaot  
lwirnya lewih linuwihan mangke  
lawan budi tan lawan bangseki  
lan wong gegemeti  
parincining laku.

27. Iku anggampangken kang kinapti  
lan malih wiraos  
mulya kang ngulati lan malihe  
angloloni panggawe puniki  
manakawanken ring  
kang ingupayeku.

28. Lawan weweh iku nyata kening  
nama lomaning wong  
lan anglemesaken wecanane  
iku anglanggengaken ta maring  
kapalesed nenggih  
lan muwus tan weruh.

29. Iku pan satengah elmu nenggih  
lan kang kawiraos  
kawruhana ya ing wiwekane  
manusa pan limang prakareki  
kawetunya nenggih  
wiji-wijinipun.

30. Ana sangking setan wetuneki  
ana malih miyos  
sangking kawa ana kawetune  
sangking nepsu ana sangking budi  
sangking sastra malih  
jangkep limanipun.
31. Anapon wewinlh ingkang sangking  
sastra winiraos  
tanpa rebatan kabecikane  
dening kang miyos sangking ing budi  
rong prakara nenggih  
ana kalanipun.
32. Parebatan kabecikaneki  
lan arebat awon  
dening ingkang miyos ing nepsune  
lawan sangking kawa sangking iblis  
ing bawana sami  
katiga pan kumpul.
33. Sami sarju maring ala nenggih  
kang lumaksaneng don  
nanging ana uga ing kalane  
katiga won bisa makenaki  
lamun metu sangking  
janma susileku.
34. Nadyan bawaning nepsu lan iblis  
lan kawa yen miyos  
saking janma susila temahe  
iya ora anglarani ugi  
malah makenaki  
paranta liripun.
35. Tan sinarambahken wiwekaning  
yadyan setun miyos  
sangking sastra lan sangking budine  
lamun medal sangking sudra nenggih  
yekti durbalani  
ing puwaranipun.

36. Paranta lirnya dening kinardi  
ling-alinaning don  
saya wuwuh resepe pamete  
ingamrih cidra tan taheng ati  
tangeh wrining wadi  
widayaning kayun.

37. Lirnya malih ki Besi lah uwis  
kariya mas ingong  
poma lamun sira ywan wus angreh  
den nastiti bakaning dumadi  
rahadan nuhun sih  
estuwa pukulun.

38. Ing pangestunta sang mahayogi  
ki Besi lingnya lon  
pan meh dhawuh nugraheng dheweke  
tan antara ki Besi nir gaib  
gelas lawan kupi  
muksa tan kadulu.

## V. DHANDHANGGULA

1. Lir paksi kresna sang Amongbrangti  
nulya amusthi ing pandulunya  
anyipta tan katon mangke  
pan suksma jatinipun  
kang aldaka mihran tan kari  
mulya dadya ruhara  
dening sabatipun  
ki Iman Tokid binakta  
dhukuh muspra labete tan ana kari  
kuneng kang winursita.

2. Wonten sujanma winonging Widdhi  
trahing wirya sru brangteng pangeran  
ing tanah Jawa prenahe  
pandhita nom mleng laku  
anglelana ngideri bumi

kondhang kadang wanodya  
dening kang jejuruk  
Seh Mudha Jatisampurna  
tanpa yayah-rena mung ari pawestri  
Tambang Sasmita ranya.

3. Pandhita nom wahdat nirken kapti  
ring wanodya ni Tambang Sasmita  
pawestri brangteng elmine  
saparan datan kantun  
ingkang raka welas tan sipi  
kadang amung sajuga  
saparan tan kantun  
pan dinulur sasedyanya  
jalu-estri anggraga-suksma wus bangkit  
winenang badan tunganal.

4. Lampuhe kampir pinggir pasisir  
pandhita Mudha Jatisampurna  
lan Tambang Sasmita rine  
Guwalangse genipun  
tansah lawan arinireki  
tan pegat muji ring hyang  
samedi manengkung  
kuneng wonten jalma tapa  
neng jro guwa awasta ki Jatisurti  
angsal sawidak warsa.

5. Kaget tumingal ki Jatisurti  
teja murub nelahi bawana  
mancur kapernah ulone  
Jatisampurna muwus  
sampun wikan karsaning brangti  
yayi ana wong tapa  
ing jro guwa iku  
seh mudha Jatisampurna  
ngartikeng tyas wong iki wani ing pati  
tapane wus tumeka.

6. Jatisampurna sung salam aris  
sinauran ya ngalekum salam

sasat nugraha praptane  
Jatisurti umatur  
pan kapundhi rahmat Sang Yogi  
sih donga jeng panduka  
kang kawula suwun  
muwuse Jatisampurna  
pirabara yen ana sihing Hyang Widdhi  
lewiha pamanira.

7. Sanalika guwa pan asalin  
sapraptane Seh Jatisampurna  
cinipta dadya purane  
Jatisurti angungun  
aningali wismeng cepuri  
lali yen aneng guwa  
dening warnanipun  
bebatur rinaja-wetha  
wewiji lan toyanya asri awening  
ganda amrik angambar.

8. Ki Jatisurti anuksmeng ati  
wong iki semu abadan-suksma  
katara ing derajate  
semuning wong linuhung  
ing janture nyata wus dadi  
tandhane wong kawasa  
angrasa yen kantun  
tan wurung angaku Allah  
saciptane wong iki winonging Widdhi  
guwa dadi paseban.

9. Ki Jatisurti osik ing ati  
mengko bakal ana sihing Suksma  
kadhatengan wong kinacek  
baya ing mengko ingsun  
olih guru janma linewih  
yogya kang anyangkinga  
mring sariraningsun  
ing donya tekeng akerat  
Jatisurti sumedyo guru sayekti  
risang mudha wus wikan.

10. Kaya apa ing karsanireki  
heh ki jebeng manira atanya  
paranta karsanya mangke  
ciptarsa guru mringsun  
pan kasasar karsanireki  
arsa pruwita mring wang  
tan wande kalurung  
ki Jatisurti aturnya  
nadyan inggih kasasar kawula apti  
iya pa karsanira.

11. Yen mantep jebeng ingsun yekteni  
lah mijila saking jroning guwa  
ambiyura ing samodra ge  
yen uga sira purun  
nyata sira guru sayekti  
iku dedalan swarga  
manira angrungu  
ki Jatisurti turira  
inggih nuhun kawula darmi nglampahi  
wus mijil sangking guwa.

12. Sawetune sangking guwa wingit  
Seh Mudha Jatisampurna ngucap  
angsun cipta sajatine  
heh jebeng anak ingsun  
tampanana sihing Hyang Widdhi  
iku begja cilaka  
pamisik wong iku  
sida tampa wurung tampa  
lah ta payo ki jebeng dipun atampi  
iku nugrahaning Hyang.

13. Mangkana wau ki Jatisurti  
musthi ring tyas ambyur ing samodra  
lir pendah samaning wangke  
tan katon dening alun  
sapraptaning jroning jaladri  
apan kambang-kambangan  
awor lawan alun

lwir alinggih aneng tapas  
Jatisurti ciptane kadya angipi  
lwir pendah aneng swarga.

14. Jatisampurna mesem ningali  
Jatisurti sampun kinawasa  
ingawe ping tiga mangke  
prapta ngarsaning guru  
Jatisurti glis angabekti  
Jatisampurna lingnya  
lah uwis ta kulup  
muliha maring nagara  
apan sira bakal wrangkaning narpati  
iya wus karsaning Hyang.

15. Jatisurti umatur wotsari  
dhuh pukulun ywan kenging lenggana  
panduka tuwan ken muleh  
ulun wong tanpa dunung  
yen mantuka inggih wak mami  
kawularsa nuntena  
ing lampah pukulun  
ki Jatisurti wruhanta  
wus minaren gonira andon nenepi  
lungguha aneng praja.

16. Parandene sira lawan mami  
wus tinunggal kaki karsaning Hyang  
aywa walangdriya mangke  
mapaning laku iku  
karsaning Hyang asih ing dasih  
lewiing tapanira  
kang jati puniku  
lan maning pituturingwang  
pan mangkene rehing suwita nerpati  
yen sirarsa utama.

17. Bawaning wong ambek sujanadi  
datan kewran pangrehing utama  
angecani manah ing len

mrih harjaning tumuwuh  
angentekken rasaning ati  
yen sira yun wikana  
ing natya myang laku  
ing sipta lawan grahita  
myang sasipta bedane sawiji-wiji  
myang pasanging werdaya.

18. Tan open basa kalawan carik  
ing angucap lawan duga-duga  
prayoga lawan tembang  
muwah reringanipun  
kala-desa pan sayogyeki  
sambang-rapeting kecap  
myang ing tandukipun  
lan ujar sinaru basa  
sarasaning wardaya sinuksmeng ati  
wah sinuksmenging darywa.

19. Akeh bawaning wong siji-siji  
ki jebeng lamun nama wikarsa  
den wruh sireng panengrane  
ing wong alungid iku  
bisaning wong amet piranti  
ana sangking kabisan  
ana sangking ewuh  
ana sangking bumasa  
ana sangking apeksa weruh ing Widdhi  
ana paksa susila.

20. Tata-pita lamun sira angling  
den bisa sira anginger manah  
deduganen manahing len  
aywa ngedyaken kayun  
tandukena manah pamilih  
manahing lyan dinuga  
tekeng basanipun  
lamun bener enggihana  
lamun sisip aja sira malawani  
samuren natyanira.

21. Kalingane ing angucap iki  
ing becike amiliha rowang  
kang sama wruhing karepe  
palane nora rebut  
atemah aresep ing ati  
dadi saeka-prana  
miwah ing wong matur  
den andedugeng wekasan  
den kalingling manahe kang dera turi  
anganti-anti natya.

22. Lan natyanira lamun tinari  
saurira aywa andolengah  
ing natyane panarine  
yen guyu den gumuyu  
aywa sira lali ing wadi  
lamun ujar kang prana  
saurana dulu  
upa rengganen ing krama  
aturira wadine dipun kaesthi  
lan saurira pisan.

23. Aywa kerep denira nauri  
yadyan waskitha wiyyosing sabda  
aywa megati karsane  
amisinggihan santun  
den kawuri api katarik  
aja asamun pisan  
ing sipta den weruh  
aja salaya ing tembang  
pira-pira kang ujar den senggih gingsir  
sabda ilangking natya.

24. Yan kinengken dera sang siniwi  
ki Jatisurti pituturing wang  
elingana sesikune  
angowahana tanduk  
ajalali wekasing gusti  
aja nalini tembang  
aywa lali ngukur

ing gonira lawan swara  
sapantese unggyan kang sira entari  
tekeng basane pisan.

25. Entarira pacuwan tan aglis  
natyanira aywa ragi duka  
aja semu wrat lampaque  
aywa nolih ing pungkur  
aywa ngambul tindak den aris  
aja sira lon-lonan  
ing dalanggung agung  
aja sira salewengan  
singa ngundanga ing sira aywa kampir  
sing gawe tinggalena.

26. Yen sira marek ing gusti ruktik  
natyanira aywa semu suka  
tingalipun aja mengeng  
lan aja sira idu  
aja umung aja bebisiR  
lan aywa ngalih unggyan  
ywa asalah dulu  
muwah sampun salah ujar  
sasebdane kang bendu dipun kaesthi  
karsane ulatana.

## VI. MIJIL

1. Paran wijilen asihing gusti  
ing sumiweng katong  
apan kadya yayah-rena sihe  
yen walesen petharta wus sugih  
ywan walesen lan sih  
dede putra sunu.

2. Sun walese lan catur pralambi  
sihe gustining ngong  
srepa maya wanita swamine  
iku mangka walesen sihing gusti

den kesthi salami  
harja kang dinunung.

3. Yen tan mangkana walesing dasih  
ing sihe sang katong  
lwir krepa seta sinung pangangge  
binusanan retna kancanadi  
cacat lungse kang sih  
arsa amrih dudu.

4. Iku isthaning dasih pinilih  
denira sang katong  
pantiksyanira catur pangandhe  
kerming wahana wateking wancir  
aywa salah tampi  
rengaten ing semu.

5. Dasih utama ingkang pinilih  
denira sang katong  
den kadi wilala leksanane  
nistha yen kadilu sang awangsit  
paku lapa lik pik  
lwir kutugeng banyu.

6. Nistha gungaken wira lan sakti  
ing sumawikeng wong  
pan marga padhem dening wanine  
sardula corah temahan westhi  
nir gunaning sekti  
mati lawan kayun.

7. Madyaning lampah tingkah ing amrih  
ing kerti anggaot  
den kadi mandhukari ringane  
byuh pada lumaku ngirih-irih  
tiwas den kajrihi  
tan ajrih ing kewuh.

8. Utainane lampah kang ingambil  
wiwekane kinon  
tirta mina kumuda swamine

dhangdhang anglayang asemu wadi  
pawiting anganti  
prayoganing laku.

9. Yen tan mangkana tingkahing amrih  
matiya tan pandon  
lwir kaya keneng saya samine  
salaba sirna malebeh geni  
sun isthaning amrih  
mati lawan tambuh.

10. Yekti atemahan nistha kari  
nisthane katongton  
temah inga nir catur pangandhe  
lwir cedha-duta temahan westhi  
lumampah ing werit  
ginanjar ing kewuh.

11. Nir guna wirang yen tanpa milih  
wiwekane kinon  
lwir sona rina mesa ákele  
langara mupuh bradangga wanci  
udi tanpa gendhing  
guna temah kewuh.

12. Aywa gugung utamaning dhiri  
ing sumiwi kang wong  
manawi kadi baki solahe  
bolu apindha manising manggis  
nistha ywan tan yakti  
madya kang pinuhun.

13. Yen tan mangkanaa ing sumiwi  
yaktya temah layon  
her kumuda-warsa upamane  
pantikswaning ragem mawananing  
den yatna ing westhi  
tyas den sedya hayu.

14. Den kadya wreksa panideng warih  
simbar aneng kayon  
den ina kadi ima lan wresthi  
lwir payunging wasi  
tur apaning angus.

15. Iku nisthaning janma andasih  
tanpa guna kang wong  
lwir wreksa tan apala syamine  
lwir wreksa wisa sekar sesami  
lwir mina geng tasik  
barak saminipun.

16. Yen tan wruhu ing catur pralabi  
ing sumiweng katong  
kadya sekar jenar pralabine  
sila curiga brahmara ngrengih  
ika ywan tan kesthi  
lwir dyah tanpa bayun.

17. Langguk dening sun amarna gurit  
nisthanya wakingong  
lwir kitwa mengguten ta samine  
lwir janma arsa anggatroweni  
mindha bebadaning  
bujangga angapus.

18. Upamaning sun ta pendah peking  
amangsiti kuweng  
utami mindha paksa memengen  
anggung ngakuras tengeng jaladri  
karsanya mewahi  
udayaning gunung.

19. Pilih kang remen ing janma mangkin  
ya ing sabdaning ngong  
pan kadi buron landhak samine  
kabayatan sara dadya ngeweri  
nir gunaning lungid  
yen tan saminipun.

20. Lampah utama ing mangsa mangkin  
kang raket ing angga.  
ye ka kadi raga leksanane  
paras mindha tingkahing pangradin  
iku kang sinung sih  
dene sang ngahulun.

21. Yen wus dayat nasihi nerpati  
rungsite katongton  
lwir andrawina catur medane  
merteng kamumu dinuk ing angin  
yen dhawuh kang wresthi  
sor pecating rantun.
22. Paran de nyata ing westhi kari  
upamane kang wong  
lwir kala-hastha pada wisane  
tan taha anging kewala ngresi  
wisa kang utami  
den prapta maring puh.
23. Pratingkahe sumiwi sinung sih  
denira sang katong  
Iwir paksa setwa sinung pangangge  
binusanan retna kancanadi  
yen tambuh kang asih  
akeh amrih dudu.
24. Pan inaning westhining sesami  
pan catur ing anggo  
tirta dipa warana lungguhe  
iku mangka ramoning sumiwi  
yen kwesthi sesami  
harja kang tinemu.
25. Ywan tungkul anggugung sihing gusti  
dyah ayu anglamong  
wastra sutra curiga pamane  
pan lungiding sabda ataramping  
sor tikswaning mimis  
lungiding pamuwus.
26. Nistha mukyaning andasih sangking  
tri upama kang wong  
lwir janma anampuri solahe  
apan mukyaning sabda aramping  
ywan nisthaning pangling  
liwat dennya sempug.

27. Lungid utama ingkang ingambil  
lampahe wong kaot  
den kadya trisula upamane  
yweku sanjata mukya di lewih  
wisara salungid  
mukyaning pandulu.

28. Pan mukyaning kakang tekeng wadi  
kaesthiya mangko  
nirbaya westhi ing sarirane  
wus winasita dening janmadi  
sakwehing lumiring  
ing lampah rahayu.

29. Liwat dening sun anyenyampuri  
sakwehing wong kaot  
pan mindha angling tanana rehe  
lwir candhala ing mangsa katrining  
sampayang angrengih  
tan awetu jamuh.

30. Lwir kartika ing mangsa katrining  
sotaning ngenglamong  
mindha datan wruh ing laksanane  
lwir kalimutan angrerah margi  
tan wruh ing patitis  
sabda amematut.

31. Lwir wedaling wreksa mangsa pati  
ning lata linayon  
lwir rasti kabyat ageng luhure  
panca laksananya tanpa gati  
swaranya kalingling  
tanpa guna kewuh.

32. Lwir sandhangan milet sarpa-sari  
isthanya wakingong  
adama tan sangsaya lungguhe  
anging pintanen sihing apingging  
nistha tan kaesthi  
kedya melwa ngapus.

33. Anging karyanen jampyani agring  
panamuning wirong  
mangka usadaning tyas wirage  
tambang-tambanganing brangta kingkin  
panamuring wingit  
panunudeng wuyung.

34. Tambang-siring sun wantah ing wuri  
kaki raganingong  
mangka pagyu ywanira sang angreh  
prana tyas antuking ina kardi  
wismanya asepi  
jawining pikukuh.

35. Tumpek pamunah sun marna gurit  
wala raditya so  
wimbaning sasi sapta wateke  
panca wimbahing kang sitaresmi  
taunya pamethik  
kaki wekasingsun.

## SEKAR AGENG BANGJAPATRA

1. Nora gampang, ing polah puniki, miwah ywan pasawalan, ning prayayi; sama gunge sami, adyuha ing semu sisip, tan hyujungan, ring pangling pan sira, iya goning karahswa, salah ing smu, lwir antiga ngapit, ing seja sasamanya.
2. Luputa de-, ra ngekani iya, tutuge pinurikan, aywa sira, tanpa ngati-ati, den bisa met pakenan, ewuh mungguh, raganeka aywa, guguywu malara ring, tingkah yukti, ywa lampah dyurjana, lan aywa salah laku.
3. Ywambek corah, atiruwa sira, ing lampah kang nastiti, lawan ambek, kang susila iku, solahing kawlasasih, den angrasa, lamun kawlasarsa, metta karsyeng janma keh, aywa pati, pan ingawulang wun, met polah den nastiti.

4. Sumbaling da-, dya tindhahing sang wruh, ing laku pacuwan si-ra kagungan, sayogyane wruhe, ya ing sopana radin, sampaun ki-rang, deduganen temah, he polah iki yen tan, nut ing karep-, ing desa sangsara, sarirane mangsa na.
5. Ya amawuh, anganggeya manah, sawiji aja uga, ya ambubah, iku dudu laku, lan aywa para-tindha, para-tantang, ywa sira nya-leni, lan aywa nyenyampahi, lamun sira, sinawalan angling, pacu-wan dehken karsya.
6. Aprebatan, satemah lan aywa, bumi sabalik sira, aywa silib, jaluk awicara, anuta ring pitutur, saujare, agutana lamun, meneng sira menenga, tumuli ma-, nawa salah tampa, ewuh tampaning janma.
7. Ing wong angling, hyun amilih rowang, kya carik basa mangke, yogya iku, tiniruwa kaki, den alus sarwi ririh, tekeng ing pa-, mote pisan lan den, bisa sira memuwus, anging ana, kaki kang sun cacad, dene tan anebusi.
8. Kwula kathik, lan tan asesawah, yeku rehing kaswasih, minang-ka ra-, monaning umbara, anti pangringringane, bulah akweh, ing pungkur sun warna, haya kurang karangtri, engetana ing, lampah ywan sira, ayun pacuwan aywa.
9. Angrasaa, lamun kasandhangan, budi tan witing sira, heh ta poma, ya ki Jatisurti, den wruh paranning tingal, aja sira, samar ananng hyang, tan beda lawan sira, ing bedanya, wewayangan kaki, ananya iku tunggal.
10. Ing tunggalnya, sama myang suksmeki, mulanira kawasa, mona-mosik, ya sangking sihing hyang, sadayanya manusya, sangking gaib, kaki pinangkanya, pan sama warnaneka, ya mulane, ana rong prakaramyeka jatinya nguni.
11. Yeku sira, hyun awas purwanya, Adam wiwitaneka, purweng jasad, dening kang suksmanya, roh ilapi sangkanya, yeku sira, den waspada kaki, dene solahireki, sipat astha, kawruhana yekti, kang manjing kawuleka.
12. Duk pinanjing-, an punika ya ing-, kang roh ilapi witnya, pinanjingan, ya ing rahsyaning hyang, kinarywa wadhahneka, ya

embanan-, ing Hyang Suksmajati, tan beda jatineka, sampunya wi-, nejang Jatisurti, tan antara gya mukswa.

13. Risang mudha, ya Jatisampurna, lan arinya Tambangsih, karwanggana, Jatisurti nulya, cipta sumusul marang, guruneka, gya mihrad kapangguh, mesem Jatisampurna, nyata mantep, hening tyasira ya, marang Hyang Suksmajati.

14. Wus winenang, sira badan tunggal, winenang liru dhiri, Jatimurti, nembah kang sapangat, panduka kang kapundhi, kwasa amba, sangking sihing pukulun, nengna Jatisampurna, ya ta ing-kang, pinurweng carita, kocapa kang lelana.

15. Risang Mudha, Amongbrangta ingkang, lelana anganteni, ya ing pati, Iwir bosen neng donya, tan hyun lunggyeng rwameka, sakyehning kang, jajahan iya wus, kadunung surenglara, legaweng ing, palastreka satya, tuhu ring lampahneka.

16. Patitisising, tingal waspada ja, -tining lampah hening tyas, laku-neka, tan kandhek ing papan, -tulis tur sinamar ing, lampahneka, sawenah kang janma, tinggal pangan lan nendra, den eber ing, ngarsa apanta ka-, narya pangeramika.

17. Tan wikan hyan, kalurung karyanya, ya amartani mapan, kyeh janma kang, anggunggung lampahnya, pan apeksa lumuhung, kang sinandhang, pan tambal-tinambal, peksa iya tan wikan, durakanya, ya ta wau risang, Bangsapatra kawuntat.

## VII. PANGKUR

1. Wanci tengange ya ringkang  
maruta ris risang Mudha Mongbrangti  
lumampah amurang enu  
tejanya kethap-kethap  
ya Mongbrangta Tejaswara kang jejuluk  
Makmun Nurhadi lampahnya  
sabat kalih datan kari.

2. Tejaswara murang marga  
kapirangu kaesthi kang among sih

maruta lon ririsnya rum  
Tejaswara bek brangta  
Iman Tokid gumeder awawan padu  
masalahe cecangkriman  
malah asalang tampilng.

3. Ki Tokid asru angucap  
payo salin cangkriman kang abecik  
alah apa pak boletus  
mara badhenen enggal  
singa kalah mulir lambe lawan irung  
ki Iman nulya ambatang  
bakatul puniku yayi.

4. Ki Tokid alatah-latah  
nora bandhe lambemu ingsun pulir  
ki Iman anulya nebus  
puret badhenen apa  
pan ki Tokid ambatang manggar kang bagus  
ki Iman asru tan rena  
pan kedah irung pinulir.

5. Cangkriman durung kabatang  
pan gumrejeg irung pulir-pinulir  
kaparat badhemu luput  
sira ya luput uga  
dyan Seh Mudha Tejaswara mesem muwus  
iku kang pinadu apa  
sawengi tumekeng enjing.

6. Ki Tokid matur wot sekar  
cangkrim puret binadhe manggar gusti  
Tejaswara lon amuwus  
lah Tokid sira apa  
pak boletus anger binadhe bekatul  
Seh Mongbrangta angandika  
padha beneripun kaih.

7. Padha batangen priyangga  
jer durung wruh karepe siji-siji  
Iman badhenen karuhun

sandika nulya batang  
pan bekatul bebakane beras-wuluh  
beras pan gabah binebak  
gabah angsal saking pari.

8. Pari angsal saking sawah  
sawahipun ingolah kebo kalih  
alah dene bener iku  
puret kabadhe manggar  
lah badhenen pribadi dipun agupuh  
ki Tokid suka ambatang  
manggar biluluk tumuli.

9. Pan cengkir dadi dawegan  
degan nulya dadi kendho tumuli  
kendho dadi kiring iku  
kinletik dadi lenga  
lisahipun winadhahan ing cecupu  
saenggen-enggen dokokna  
punika pan leres gusti.

10. Iman Tokid latah-latah  
dene padha bener sipta sebdeki  
Tejaswara ngandika rum  
Iman Tokid karsyengwang  
angalihya jejuluk si Margaewuh  
kesantren jenengmu lama  
yen sinehat pramaharsi.

11. Margaewuh apa sira  
wus nampani ing karsaningsun iki  
Margaewuh latah matur  
inggih sampun kadhadha  
tanpa damel lamun tan batang wakingsun  
rahadan mesem ngandika  
lah babaren karsa mami.

12. Margaewuh aturira  
datan ngalih ing batin iman Tokid  
lahir sanes maknanipun

pan marga imanira  
ing lumampah dening artine kang ewuh  
yen sampaun tokiding driya  
datan wonten warga sungil.

13. Sang brangta mesem ngandika  
nyata wasis cangkriman lair batin  
ya ta lampahe andarung  
risang mudha Mongbrangta  
apan tansah kapirangu amangungkung  
kaetang purbaning suksma  
kang asih sakweh dumadi.

14. Wanci tungganging ancala  
maruta lon sumirir angekesi  
Tejaswara lampahipun  
tejanya kethap-kethap  
prapteng dhukuh Sidarengga kang amangun  
tapa wasta Ajidarma  
janma nom brangti ring widhi.

15. Munajat tengahing wana  
pan alasing dhukuh Sidarenggeki  
umeneng alul paneku  
tan samar ing paningal  
pan dumeling jro pana teja lelaku  
tan samar yen ingkang prapta  
sujanma winonging Widdhi.

16. Ajidarma ris nambrama  
teja suleksana sarawuhneki  
ing wingking pundi wismeku  
para sineidyeng ngarsa  
lawan sinten kang sinambat ing jejuluk  
kawula tembe tumingal  
Tejaswara ris nauri,

17. Sun yayi wong tanpa wisma  
pan ideran saenggone ywan kampir  
kang sotah mastani mring sun  
Tejaswara raningwang

ingacaran suwawi lenggah pukulun  
karsa ngong yun mawong sanak  
dhumateng kang lagya prapti

18. Kawula pan tanpa wisma  
angandika Seh Mudha Amongbrangti  
yayi tan beda lan ingsun  
Tejaswara anyipta  
mandhapa gung pamucangan lan sesipun  
dahana munggeng padupan  
panidon kasah miranti.

19. Sangking gaib ananeka  
lawan cipta dinulur sasedyeki  
janma winonging Hyang Agung  
dadi sakarsanira  
Ajidarma pepungun mangu mangunkung  
moneng andulu wismendah  
ing hetya sinemu wingit.

20. Kalingling purbaning suksma  
Tejaswara tuhu janma linewih  
nyata abadan suksmaku  
Seh Mudha Amongbrangta  
angandika yayi linggiha sireku  
ing wisma yayi lan para  
awon sirnane neng siti.

21. Anulya linggih saksana  
Amongbrangta resep myat Darmaaji  
ki Darmaji apitutur  
mila ulun pilenggah  
aneng Sidarengga nglampahi pituduh  
ujaring swara panduka  
kang kesthi swara dumeling.

22. Antenana Sidarengga  
Tejaswara janma winonging Widdhi  
kang badhe mulyaken iku  
paran sasedyanira  
Amongbrangta mesem ing pamuwusipun,

anglengkara awakingwang  
lumakyon tuk sihing Widdhi.

23. Sun iki ambek birawa.  
anglelana tanpa ening kapti  
tan pandon ing tingal liwung  
tan uning subasita  
pindha punggung tar wruh wekasing auwus.  
lir sarah aneng samodra  
kombak kentir nuting warih.

1 7 4 8 ( A J )  
1 8 2 0 (( A D )

## I. DHANDHANGGULA

1. Ada lagu penjaga malam  
semoga terhindar dari penyakit, teguh dan selamat,  
semoga terhindar dari segala bencana,  
jin dan saitan tak berani,  
tak ada guna-guna yang berani,  
perbuatan jahat pun tak berani,  
terhindar dari guna-guna orang yang salah,  
dan dari api serta air,  
pencuri jauh tak ada yang menuju ke tempat kami,  
guna-guna penyebar penyakit binasalah.
2. Segala penyakit kembali semua,  
segala hama lari,  
menampakkan kasih sayang,  
segala senjata tak mengenai sasaran,  
laksana kapuk hantaman besi,  
segala bisa pun tawarlah,  
binatang yang mengamuk menjadi jinak,  
pohon basar, tanah yang mendatangkan bahaya,  
relung landak, gua harimau di lereng  
juga tempat pemandian merak,
3. Semua kubangan badak,  
jika dibaca laut pun keringlah,  
alhasil semuanya selamat,  
jadilah badan selamat,  
dikelilingi bidadari,  
dijaga malaikat,  
segenap rasul,  
bukankah menjadi satu badan,  
hatiku hati Adam otakku otak baginda Sis,  
ucapanku ucapan Musa.

4. Nafasku nafas Isa yang luhur  
pendengaranku pendengaran Nabi Yakub,  
Adapun wajahku wajah Yusup,  
swaraku swara nabi Daud,  
kesaktianku kesaktian nabi Sulaiman,  
nyawaku nyawa nabi Ibrahim,  
rambutku rambut Idris,  
kulitku kulit baginda Ali,  
darah serta dagingku darah dan daging  
Abu Bakar Umar Singgih,  
tulangku tulang baginda Hasan.

5. Sumsumku sumsum Fatimah yang luhur,  
sebagai kesejahteraan tubuhku,  
Ayub sebagai ususku,  
nabi Nuh berada di jantungku,  
nabi Yusup bersemayam di dalam ototku,  
mataku pun mata Muhammad,  
aku menelan seperti jika rasul menelan,  
sarafku dipayungi Adam,  
segenap nabi telah hadir,  
menjadi satu dengan tubuhku.

6. Mula-mula yang ada sebutir benih,  
tetapi tersebar mengisi bumi,  
diberi berkah oleh zat,  
semua yang mendengarkan,  
yang membaca yang menyimpan,  
badannya menjadi selamat,  
sebagai obat yang disemburkan,  
jika dibacakan ke dalam air,  
untuk mandi perawan tua, akan lekas bersuami,  
untuk memandikan orang gila supaya sembuh.

7. Jika ada orang yang didenda, anakku,  
orang terjerat hutang,  
sebaiknya lekas lekas bacakanlah,  
di tengah malam,  
bacalah dengan perlahan-lahan sebelas kali,  
bebaslah orang yang diikat tangannya,

orang yang didenda,  
kemudian lekas dibebaskan,  
yang berhutang dilunasi oleh Yang Maha Tahu,  
yang sakit lekas sehat.

8. .Apabila anda hendak menanam padi,  
hendaklah berpuasa sehari semalam,  
kelilingilah pematang,  
bacalah sanjak itu,  
segala hama pergi semua,  
apabila anda pergi berperang,  
bacakanlah ke dalam nasi,  
makanlah nasi itu tiga suap,  
musuh tak bernafsu, dingin, tak ada yang berani,  
teguh selamat di medan laga.

9. Jika tak dapat membaca sanjak ini,  
gulunglah dan jadikan azimat,  
teguh dan selamat tubuh anda,  
apabila dibawa pergi berperang,  
tak ada musuh anda yang berani,  
dan jika dibawa ke dalam peperangan,  
tombak dan bedil tak mengenai,  
musuh anda tak mengetahui,  
yang menyimpan dijaga oleh Yang Maha Mengetahui,  
terlaksana apa yang dihendaki.

10. Ada lagu tentang Ki Artati,  
siapa mengetahui tentang namaku,  
ketika aku berada di ngarai,  
ketika aku berada di gunung,  
ki Samurti dan Wisamarti,  
berganti nama tiga kali,  
uang dan kekuatanku,  
namaku ketika jejaka,  
ki Artati sekarang namaku berganti,  
siapa mengetahui namaku.

11. Barang siapa mengenal bunga tepuskaki,  
bagaikan mengetahui apa arti kekuatan,  
akhirnya sekeluarga,

barang siapa mengetahui tujuannya,  
laksana kaya akan pasar besi,  
dijaga orang sedunia,  
yang menyanyikan lagu itu,  
jika sanjak itu dihafalkan,

12. Dan jika dilihat oleh Yang Maha Tahu,  
kehendaknya dipenuhi oleh Tuhan,  
dihormati oleh orang semua,  
barang siapa yang mendengar,  
yang menulis yang membaca ini,  
jika tak dapat membaca,  
hendaklah disimpannya,  
teguh dan selamat yang disandang,  
jika dilaksanakan dituruti bagaimana pun kehendaknya,  
dan dilihat oleh Tuhan.

13. Adalah keluarga Majarini,  
di mana gerangan namanya ketika hidup,  
sanjak tak lengkap namanya (disebut sanjak tak lengkap),  
waktu aku ada dibukit,  
bernama Wesisajati,  
berganti nama empat kali,  
ketika masih muda aku,  
ketika dapat bermain main,  
katakanlah keraguan kemenangan nampak jelas  
muda tak terjamah tua.

14. Barang siapa menyanyikan lagu ini,  
pada malam hari di jauhkan dari malapetaka,  
jika tak dapat melagukan disimpan saja,  
siapa pun yang mendengar,  
yang menulis dan yang menyimpan,  
dijauhi orang jahat,  
ngeri jika melihat (pembaca),  
jika dibawa mengabdi,  
bertapalah untuk itu tujuh hari tujuh malam,  
majikan anda menyayangi anda.

15. Seteru dan musuh takut bahkan sayang semua,  
bahu berada di betal mukadas, (baital mukadas)  
dijaganya bolak balik,  
manjaga usia,  
segala penyakit pergi semua,  
yang sakit menjadi sehat,  
yang dilihat jinak,  
jika berdiri bertubuh pelangi,  
bertopang Sang Hyang Asmara yang luhur,  
kokoh. berakar kokoh.

16. Siapa yang mengenal perbendaharaan kekuatan ini,  
niscaya menjadi manusia yang baik sekali,  
yang mengetahui yang disebut uang,  
menguasai masrik dan magrib,  
sabda pendeta yang sangat sakti,  
datang di laut timur,  
yang luas itu,  
bernama Sidanglana,  
Sidajati yang bernama ki Artati,  
ternyata benar-benar sempurna.

17. Adalah lagu aku melagukan lagu Artati,  
kini yang dibaca ibarat  
Dewa Bayu cara berdirinya,  
jika berjalan seperti jalannya Sang Hyang Ayu,  
lenggangnya seperti lenggang orang yang tenang terkena asmara,  
jika berdiri seperti pelangi,  
yang melagukannya  
jika dibawa serta di dalam perjalanan,  
di tempat berbahaya, siapa yang berjumpa takut dan sayang  
binatang buas menyingsir,

18. Bukit dan laut yang mengelilingi bumi,  
langit pun dapat runtuh,  
yang mengetahui kekuasaan uang kini  
gunung dapat runtuh,  
laut luas dapat berpindah,  
yang mengetahui kekuasaan uang,  
menjadi teguh selamat,

pada hal pantangan peperangan,  
senjata musuh tak mempan  
apabila dihafalkan .

19. Sifat berhati-hati konon tak ditemukan  
rahasia kini yang dijelaskan  
kasih sayang Tuhan kini dibakar,  
maka tak mengetahuinya, pada hal anda berasal dari angkasa,  
dimulyakan oleh laut,  
yang luas itu,  
bernama Sang Hyang Tunggal (Yang Maha Esa),  
benar-benar bersatu dengan pribadi ki Artati,  
disebut bunga jempina.

20. Disebut keluarga panjari,  
intan biru ia ketika masih hidup,  
ketika meninggal dunia nila namanya,  
waktu aku di gunung,  
berganti nama Hyang Asmara,  
ketika menjadi tua,  
ingat akan ibunya,  
ki Panjari pergi ke timur,  
ki Artati menelusuri punggung Merapi,  
kemudian ke Sundara.

21. Bukankah demikian doa orang berpangkat,  
rumah duduk bertiang kemulyaan,  
Kirun-saka ada di sebelah kanan,  
wana-Kirun yang menjaga,  
dari kiri gada besi,  
penangkal sakit,  
seteru dan musuh,  
penangkal seteru dan Saitan,  
mengedarkan kulhu, maka kembalilah orang yang sangat sakti,  
menjauhlah perbuatan jahat.

22. Racun bisa telah tawar, tidak manjur,  
murka tak ada yang berpengaruh,  
lenyap karena ilmu ini,  
teguh terhindar (dari bala) dan selamat,

karena dijaga Yang Maha Tahu,  
segenap yang berkehendak jahat,  
tak berpengaruh terhadap aku,  
guna-guna penenung penyebar penyakit,  
tak ada terdengar lagi penyakit yang berjangkit,  
lenyap benar-benar lenyap.

23. Bukan bungungan tetapi pohon tal kursi,  
kedudukannya tertulis di tangan,  
pelebur segala penyakit,  
rusuk di atas,  
yang sebagai nabi penutup,  
ialah nabi Muhammad yang dianut oleh rasul,  
menjaga siang dan malam,  
yang ditakuti setan dan jin,  
yang sakit mendapat obat.

24. Beratap daun dukut langit,  
tali angin bersaf saf tinggi di angkasa,  
diikat menjadi berkas dan tak nampak kini,  
berpagar bukit Seribu  
jala sutra di atasku  
yang menjagaku, penghalau musuh  
penangkal perbuatan jahat  
segala penyakit lari menjauh lebih jauh  
bisa dan guna-guna,  
tak mengenai sasaran.

25. Gunung dan guntur pelebur gua  
laut kering bengawan hancur lenyap  
yang mengetahui pengaruh uang konon  
benar-benar menjadi teguh kuat  
pada hal berlakulah larangan berperang  
lembing dananak panah melenceng  
tombak dan bedil tak mengenai  
segala senjata berlalu tanpa menenai sasaran  
jika dijalankan dijauhkan dari penyakit dan celaka  
dan dihafalkan.

26. Laut dan bukit mengelilingi bumi  
matahari bintang beserta orang. sejagat  
semuanya takut dan memejamkan mata  
yang mampu menyebutkan/mengucapkan  
dengan tak ayal menjadi manusia yang sebenarnya  
berdiri di bumi yang sempurna  
Tuhan (saja) dekat dan sayang  
jangankan menusia hendak tak asih (menyayangi)  
Tuhan Yang Maha pun menyayangi  
Dewa Asmara menjadi pamong jasmani.

27. Jin, peri, prayangan takut, sayang  
takut, memundak segala raksasa,  
menjaga siang malam  
yang menyerang, lumpuh  
tak mengenai tubuhku  
yang berhendak tak selamat  
semua dihancurkan,  
segala apa saja yang berhendak jahat,  
hanyut, musnah, yang berhendak baik selamat  
karena yang dituju keselamatan.

28. Seribu gunung kini pagarku  
nampak menyala jika dilihat  
semua takut, menghormat  
panyakit musnah, dihanyutkan  
tak mempan terhadap tubuhku  
segala senjata pun  
tak mempan terhadap tubuhku  
aku rahmatolah  
benar-benar rahmat ketika menjadi wali jasmani  
juga bernama jatimulya.

29. Sebutlah rajahiasan kesayangan  
yang terlihat semuanya menyayang  
semua takut, hormat  
bukankah empat puluh orang nabi  
yang berada di dalam diriku  
bukankah nabi akhir (penutup)  
dan nabi Daud,

gertakku gertak baginda Kamjah  
siapa pun mendengar gertakku semuanya takut, sayang  
yang sakit manjadi sehat.

30. Aku mengawali doa orang yang berderajat tinggi  
yang berasal dari orang yang baik,  
dari pendeta asalnya,  
keturunan nabi,  
para wali yang menggantikan nabi,  
orang mukmin yang puas akan nasibnya.  
Pada hal barang  
siapa beriman,  
tak henti-hentinya berdoa siang malam,  
mendapat rizki Tuhan.

31. Ketahuilah arti kandil,  
bagaikan pelita yang menyala di gunung,  
roh ilafi, bagaikan cerahnya  
nabi Tuhan, seperti asap  
panasnya seperti zat yang mutlak,  
Ketahuilah bahwa api perbedaannya sama,  
Satukanlah waki dengan api;  
jangan dipisahkan.

32. Adalah kayu yang mula-mula satu,  
Ialah pohon bumi cabang jagad,  
berdaun awan  
berlapis emas paku pelangi,  
berbuah bintang, berkelopak langit  
berbunga matahari dan bulan  
serta petir harum  
berisi embun dan hujan di angkasa  
bercampur dengan dasar bumi,  
berakar angin dan petir.

33. Ada pendeta memberikan ilham,  
Bagaikan kumbang menengadah ke langit,  
di mana tempat  
sarang angin, dan teras kangkung,  
kuda berlai-lari cepat di luat, hati buluh kosong dan punggung

peluru, jejak burung kuntul melayang; burung terbang jauh tanpa akhir, bunga yang tumbuh di angkasa.

34. Mengambil air berpikulan air, menyelakan api lagi berpelita; katak mengulum liangnya, dan berubahnya tanah dipendam di dalam tanah, serta api dipanggang, dan air direndam; matahari tidak adil; berrumbai-rumbai sawi yang benar-benar mati dan buah pisang di batangnya.

35. Adalah burung dengan bumi dan langit diharibaannya, dengan warna yang indah; disebut laut roh, sebab burung itu yang melengkapi jagat ini warnanya empat, bertangan delapan, kulitnya suari' at, darahnya tarikat sejati; ototnya hakekat.

36. Dagingnya ma'rifat sejati, paruhnya benar-benar sahadat; tenggorokan tempat menelan disebut tauhid adapun burung itu tali perutnya suf'i'ah. Empedunya saderah; jantungnya budi. Perut besarnya laumah/lauamah. Hatinya bernyata empat, berwarna hijau burung itu.

37. Kicau burung itu suara malekat Jibril, sebab matanya me ngandung kemala. Bermata bulan dan matahari. Nafasnya nurani. Hidungnya tursina. Berteduh di bawah tempat duduk. Kedua telinga ada di bukit Arafat, uluhiah ilulkalam berada di bukit Nanikmaya.

\*\*WALLAHU SALAMU ALAIKUM WA ALAIKUM SALAM\*

## 2. DHANDHANGGULA

1. Seh Mongraga bersabada dengan tenang. Ia pendetaku yang bertanya kepadamu tentang bagaimana melepaskan nyawa yang hanya menuju kepada Yang Maha Besar. Tujuan yang betul meraba-raba delapan guna sesuai dengan anggapan hati budi pegangan hidup orang Buddha, kebudayaan yang menjelma kembali dengan penuh kewaspadaan. Yang dibayang-bayangkan di dalam hidup hendak mengetahui kejadian yang sebenarnya. Jelaskanlah arti sebenarnya, tempat menjelma yang tepat. Ki pendeta Ragasmara berkenan hatinya, sebab rupanya telah merasa. Diberikanlah penjelasan itu oleh ke ajar/pendeta di Pringgadani yang melahirkan sabda yang utama.

### **3. MIJIL**

- 1/2. Arti yang mendalam itu diberikannya tanpa ragu-ragu. Maka berkatalah wasi/pendeta Ragasmara dengan perlahan-lahan, "Jika paduka tuan sungguh-sungguh bertanya tentang pedoman maharsi/pendeta luhur budi, maka ia melatih diri kurang tidur, mengurangi api hawa nafsu dan teguh berpegangan takdir, kemuliaan di dalam alam maut; tempatnya bertapa.
3. Yang tak berbeda dengan sorga nanti, bertempat tinggal bersama-sama dengan dewa, Seimal, sepenjelmaan. Kesaktian sama dengan kekesaktian dewa yang agung. Bagaikan berputarnya roda yang terus-menerus;
4. Di akhirat dan di dunia dipilihnya tempat di tanah dan di udara yang tidak berbeda dengan yang tak mengetahui penjelmaan dewa Suman menitis menjadi raja.
5. Oleh karena itu raja berkemampuan melebihi orang kebanyakan, di atas segala manusia, karena pengaruh roh dewa yang sebenarnya, (kongkrit) m sebab dewa adalah sukma maharsi/pendeta besar, benih yang bersih. Kekotorannya telah terbakar.
- 6/7/8&9. Sukma pendeta menjadi tubuh raja yang menonjol kelebihannya. Sukma rajaku Soman nanti, yakni Narayana yang disebut juga Wisnumurti, juga Janarjana yang menitis, menjelma berulang-ulang masuk ke dalam diri raja dan menjadi anugerah dewa melebihi sesamanya, Hyang manan menjelma kepada raja yang telah berbadan sukma pendeta yang langgeng selama-lamanya, sesuai dengan itu semua. Telah seperti satu dengan ujud pendeta dengan Yang Maha Tahu. Penjelmaannya tak kepada orang lain selain kepada raja. Oleh karena itu pendeta besar itu tak henti-hentinya bertapa, berdoa, bersamadi agar di kemudian hari bila ia meninggal tak salah menitis, artinya menitis, menjelma menjadi raja. Penjelmaannya mendahului guru. Dewa yang mulya/indah memeriksa maharsi, maharsi memeriksa penjelmaan raja.
10. Jika pendeta tak dapat menjelma ke raja, maka idam-idamannya takkan tercapai.

Yang Maha Tahu tak hendak menjelma sendiri melainkan dengan perantaraan maharsi. Jika tak demikian, keduanya gagal menjelma menjadi raja.

11/12. Oleh karena itu tak henti-hentinya ia bersamadi dan mengheningkan cipta, sebab tujuan tak boleh membelok dalam memusatkan fikiran. Dengan demikian takkan silau dalam menuju kepada raja ketika mengalami mati yang tepat lagi bijaksana yakni menitis, menjelma lagi menjadi raja. Jadi tak boleh disebut meninggal dunia; karena hanya berpindah tempat. Oleh karena itu disebut istana raja dan arus air yang gawat. Tak boleh dianggap mudah jika manusia hendak masuk istana.

13/14. Lain dengan yang telah diberi hak oleh raja menjakkan kaki di istana raja: bagaikan berjalan di hutan dan bukit yakni istana maharsi di bukit yang masuk, menitis ke dalam istana raja. Yang menjelma ke istana raja hanyalah gawat dan anggunnya isi bukit, isi seluruh negeri. Tak ada yang dengan diam-diam. Dan semuanya menuju ke situ, ke istana raja.

15. Menggeretakan gigi terhadap penjelmaan pendeta; tak terlambat menyatukan diri. Melihat-lihat gundukannya di lembah. Jiwa maharsi menjadi miliki raja, menjadi tubuh raja.

16. Kini pagar orang-orang yang rajin bertapa.

Tak terlambat menyimpang ke tempat bersamadi.

Seh Mongraga tersenyum seraya katanya lembut, "Jika demikian pula pengetahuan orang gunung, terlalu sulit dicapai dan akhirnya kacau.

17/18. Saya tak mencela karena umat Tuhan Yang Maha Suci karena banyaknya. Berbeda-beda, bermacam ragam ciptaan Tuhan Yang Maha Besar. Tak seperti agama nabi, duta/utusan Yang Maha Tahu yang mensucikan rahmat orang yang tak mengenal Muhammad Rasulullah, tanpa memilih. Telah memiliki bagaian-nya.

19/20. Hal pemberian menurut yang nilainya telah ditentukan oleh ahli tafsir. Hadiyah yang berat ataupun yang ringan tak boleh ditolak, tak boleh memilih; semua harus diterima.

Yang banyak dosanya siksanya berat. Yang baik besar pahalanya dan sorga tempat tinggalnya. Pahala itu tak terhingga, tiada taranya, tujuh kali dunia ini besarnya.

21. Akhirnya yang mendapat sorga yang agung hanyalah kenikmatan kluapan yang disandang. Tak terkait-kait, tak mengalami kesulitan selamanya. Jauh dari kekotoran dan kesengsaraan. Segala yang dilihat tak ada yang cabul atau membuat orang malu. Yang terdengar lembut suaranya.

22/23. Tak menyesakkan pendengaran. Yang ternyata tak ada pahitnya. Yang dicium tak ada yang anyir atau berbau ikan dan tak ada yang berbau seperti bangkai. Banyak rasa yang tak mengganggu. Keinginan tak dicegah. Kenyang selama-lamanya. Lenyaplah kekhawatiran apabila telah besar amal persemayainya. Perbedaan dengan orang ahli dari gunung, ia tetap menitis, serah menerabas.

24. Andai kata itu ilmu syariat nabi, sikap yang demikian berarti pemujaan/penembah yang jauh tersesat. Tak ikhlas ia bertapa di masa lampau. Andai kata kayu, hanya tinggal membakar.

25. Alangkah keadaannya andai kata melihat Tuhan yang menguasai hidup. Alangkah lebih utama pengetahuan ki pendeta. Jika salah langkah akan mengalami mati tujuh kali.

26. Oleh karena ilmu ajar saya ketahui, kemuksaan, yakni mati yang benar telah tercapai. Rupanya tak ada yang terselip hal ilmu dalam diriku kini, yakni ilmu yang menjadi pedoman alam semesta, ciptaan Tuhan. Ketika baru mengawali tapanya yang diperbuat dengan gigih, kegagalan tewas, benar dan nyelweng tak terdapat di dalam tapa yang gigih itu. Tak boleh bengkok selapispun ketika baru gigih memusatkan fikiran kepada Yang Satu. Bagaikan ulat kiranya yang lagi menutup jentiknya rapat-rapat sehingga angin pun tak dapat menerobosnya.

Demikian keras kehendak si ulat, karena bosan jadi ulat, ia ingin sekali mati. Dan ingin sekali berganti ujud, ujud kupu-kupu.

Karena tak ingin mengakhiri berfikir, mengakhiri perjalanan hidup, maka bulatlah akal ulat, tak hendak bergeser; menutup sembilan lobang indera sehingga lenyaplah baginya segala yang ada ini.

Baru saja setengah bulan maka  
maka lembaga menjadi kepompong.

30. Genap setengah bulan lagi,  
jadi sebulan kemudian,  
ulat keluar dari keadaan kepompong,  
lengkap busananya seperti tali peraba dan sayap,  
sehingga lahirlah kupu-kupu indah.

31. Apabila salah menutup kepompong,  
kepompong berlobang,  
maka gagallah ulat dalam mengepompong,  
sebab kepompong masih dapat dimasuki angin  
sehingga akhirnya terluka dan matilah si ulat  
dan tak menjadi kupu-kupu.

32. Demikianlah pula resi di gunung.  
tak berbeda dengan ulat yang ingin jadi kupu.  
Jika salah menjalani tapa,  
jika tak berani dan rela mati,  
ulat masih lebih baik,  
karena dapat menjadi kupu-kupu.

33. Apabila masih biasa ketakutan,  
tak berani membakar diri,  
ajar tak dapat bergaul dengan siapa pun,  
tak menurut ilmu sejati,  
yakni sejatining penjelmaan kembali atau penjelmaan kembali  
yang benar, yakni tercapainya apa yang dikehendaki.

34. Yang biasa terjadi ialah para ajar di bukit  
bertapa dan jika telah mengakhiri tapanya,  
berpesan ketika masih hidup,  
jika di kemudian hari aku meninggal dunia,  
bakarlah tubuhku.

35. Setelah api padam, periksalah abu. Jika di dalam abu terdapat  
jejak bayi, ke mana jejak itu menghadap, yakni pastilah aku me-  
nitis kepada raja.

36. Jika jejak itu jejak manusia, aku menitis kepada patih atau  
mantri setidak-tidaknya. Adapun apabila jejak itu bukan jejak

manusia, melainkan jejak binatang yakni burung, bakarlah segera.

37. Apabila belum terbakar habis, bakarlah lagi hingga tujuh kali. Apabila tak hilang, yah, sudah demikian adanya. Amatilah apabila anda hendak mengikuti jejak yang terlihat, yakni tanda penjelmaanku.

38. Demikianlah, apa tak salah kata-kata sebagai yang aku katakan ? Ki, yang juga disebut wasi Ragasmara, tersenyum seraya katanya, "Ya, benar-benar seperti itu". Dan di dalam hati berfikir-fikir "Baik orang itu.

39. Berpengetahuan, beradab; bahasanya pun bagus, di dalam menceriterakan kisah. Selama berbicara tak seorang diri.

